ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ІПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№№127-128 (23.536) ● 2017 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 6, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр тумэнитІщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

## УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Медведев Д. А. къэпщытэныгъэ, кІэлъыплъныгъэ лэжьыгъэхэр къэгъэщІэрэщІэжьыным теухуа селектор зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Связым и Іэмалхэр къигъэсэбэпри, абы хэтащ КъБР-м и Премьер-министр Мусуков А. ТІ.

**Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий дыгъуасэ Москва щригъэкІуэкІащ кІэлъыплъныгъэ, къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэр къэгъэщІэрэщІыжьным теухуа зэІущІэ. Видеоконференцым и Іэмалхэр кьигъэсэбэпри, абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Премьер-министр Мусуков Алий.**

ЗэІущІэм щыхэплъащ къэпщытэныгъэ-кІэлъыплъныгъэ лэжьыгъэм кьиубэ сэбэпынагъыр къэлъытэныр къызэгъэпэщыным теухуа программэ пэрытыр гъэзэщІа зэрыхъум, абы и лъныкъуэкІэ щыналъэхэмрэ муниципалитетхэмрэ щыізэфІагъэкІым. Гулъытэ хэха хуащІащ коррупцэм пэщІэтыным, хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъунымкІэ профилактикэ лэжьыгъэр щІэгъэхуэбжьэным, кадрхэр къызэрыхах щыкІэр егъэфІэкІуэным, къэрал кІэлъыплъныгъэр къызэгъэпэщыным хэгъэзэа информацэ Іэзыхэм.

ЗэІущІэр къыщызэІуихым Медведев Д. А. къыхигъэщхьэхукІащ: «2018 гъэм щегъэжьауэ къэпщытэныгъэ псори планым тету икІи хабзэр къызэпаудынкІэ нэхъ шынагъуэ зэдэщыІэ Іэнатіэхэм яхуэгъэзауэ фІэкІа иратэкІуэкІыныкъым. Мис абыхэм я тещыІыхьауэ къыхэхьІпхъэщ къэпщытакІуэхэм я нэІэ хэхауэ зытрагъэтыну Іэнатіэхэр. Апхуэдэ бгъэдыхьэкІэр къэгъэсэбэпын хуейщ гъаныным хэмыту къэпщытэныгъэхэр къыщызэрагъэпэщым дежи. КъэпщытакІуэ Іэнатіэхэм иратэкІуэкІ лэжьыгъэр зыхуэдэр дяпэкІэ къызэралъытэнур абыхэм я бжыгъэмкІэкъым, атІэ Іуэхур пыухыкІауэ зэрырагъэфІакІуэм тещІыхьауэщ».

Зытепсэльыхьа псори зыхуэунэтІар цІыхухэмрэ организацэхэмрэ яхуэгъэза административнэ, финанс текъузэныгъэхэр къэгъэтІэсхъэныращ, къэпщытакІуэ-кІэлъыплъакІуэ зэрэщІэм я лэжьыгъэр нэхъ зэІухауэ зэтегъэуэвэныращ, къэпщытэныгъэхэм я бжыгъэр гъэмэщІэным и хьэкъкІэ ахъшэмрэ мылъкумрэ кьыдэгъэхуэныращ. Медведев Д. А. къызэрилъытэмкІэ, «а псори сабэп хьунущ бизнесым къэралым хуищІ дызыбын хэгъэхуэныжьмкІэ икІи властымрэ хьэрычэтыщІхэмрэ я зэхущытыкІэхэр ирагъэфІэкІуэнущ».

А махуэ дыдэм селектор зэІущІэм щыжиІаэхэм япкъ иткІэ Мусуков Алий КъБР-м и Правительствэм и Унэм зэІущІэ щиригъэкІуэкІащ КъБР-м кьеГэщІыІа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Канунников В. А., зыхуэфащэ министерствэхэм, Федеральнэ Іэнатіэхэм я щыналъэ управленэхэм, кІэлъыплъакІуэ-къэпщытакІуэ органхэм, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм я унафэщІхэр, районхэмрэ къалэхэмрэ я щыналъэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, бизнесым и лЫкІуэхэр хэту.

«Стратегие зыужьныгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ къалъытащ къэпщытакІуэ-кІэлъыплъакІуэ лэжьыгъэр къэгъэщІэрэщІэжьныр. А Іуэхум жыджэру хэтын хуейщ къэрал властым и органхэр, щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэр, жылагъуэ зэгучьэныгъэхэр. Мыбдеж программэ пэрытым и купщІэу къыщыльытапхъэщ хъэрычэт лэжьыгъэ езыхьэкІ организацэхэмрэ щІыхуэмрэ административнэ текъузэныгъэр ящхьэщыІэтыкІыныр, кІэлъыплъныгъэмкІэ кьалэнхэр щыдгъэкІкІэ хабзэхэр къызэрагъэсэбэпыр егъэфІэкІуэным. Абыхэм я хьэжькІэ 2018 гъэм ирихьалІэу псоритІ 30-кІэ нэхъ мащІэ ящыІнущ планкІэ ирагъэкІуэкІ къэпщытэныгъэхэм я бжыгъэр. Къэрал, муниципальнэ къэпщытэныгъэм и фІагъым куэдкІэ елъытащ бизнесым зегъэужьныжьмкІэ Іэмалхэр зэтегъэувэныр, ди щыналъэм инвестицэхэр къызэщІэгъэуІуэныжьмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм зегъэубгъуныр», - жиІащ республикэм и Правительствэм и Унафэщым.

КъаІэта Іуэхум теухуауэ зэІущІэм кьыщыпсэльащ КъБР-м и прокурор Жариков О. О., Хьэрычэтыщ1хэм я хуитыныгъэхэр хъумэныжьмкІэ уполномочениэу КъБР-м щыІэ Афэщіыж Ю. С., КъБР-м экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министр Рахаев Б. М. сымэ.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1аІп1э.*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2017 гъэм и ляпэ кварталым гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчётым и Іуэхукіэ**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адакІэ - республикэ бюджетщ) 2017 гъэм и ляпэ кварталым гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчётым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къеГэлъагъуэ отчёт лъэхъэнэм республикэ бюджетым и хэхъуэхэр сом мин 4725099,3-кІэ е илъэс планым и процент 16,9-кІэ, абыхэм ящыщу налог хэхъуэхэмкІэ сом мин 1834926,1-кІэ, налогхэм ящымыщ хэхъуэхэмкІэ сом мин 131682,5-кІэ, ямыпшынжыну къыдэхьыха ахъшэмкІэ сом мин 2758490,7-кІэ гъэзэщІа зэрыхъуар.

Отчёт лъэхъэнэм республикэ бюджетым и налог хэхъуэхэм я хэкІыпІэу щытащ акциз зытехуэ товархэмкІэ акциз, цІыхухэм я хэхъуэхэмкІэ налогхэр, организацэхэм я хэхъуэхэмкІэ налогхэр, мылъкум техуэ налогыр. Отчёт лъэхъэнэм акциз зытехуэ товархэм я акцизхэмкІэ къаІэрэхьащ сом мин 415499,9-рэ е илъэс планым и процент 8,1-р. Ляпэ кварталым цІыхухэм я хэхъуэхэмкІэ налогыу республикэ бюджетым къыІэрыхьащ сом мин 623585,6-рэ е илъэс планым и процент 20,4-рэ. Организацэхэм я мылъкум тралъхь3 налогым къыпэкІуэу къыхэкІащ сом мин 433723,3-рэ е илъэс планым и процент 27,5-рэ. «Мылъкум тралъхь3 налогхэр» гупымкІэ республикэ бюджетым 2017 гъэм и ляпэ кварталым хэхъуэу къыІэрыхьащ сом мин 240856,0-рэ е илъэс планым и процент 12,3-рэ.

2017 гъэм и ляпэ кварталым республикэ бюджетым и хэщІкэр сом мин 5778478,9-рэ е илъэс планым и процент 19,3-рэ махъу. А бжыгъэхэм ящыкІ иткІэ отчёт лъэхъэнэм республикэ бюджетыр зэрагъэзэщІам ипкъ иткІэ яхуримыкъуа ахъшэр сом мин 1053379,7-рэ махъу.

ИщхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуахэм ящыкІ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым унафэ ещІ:

1. 2017 гъэм и ляпэ кварталым республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа докладыр къэлъытэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэу кІащтахэр финансэкІэ и зэманым кьызэгъэпэщыным, ахэр зэрагъэзащІэм кьыпэкІуэ сэбэпынагъым хэгъэхуэным хуэгъэзэ Іуэхуэхэр зэфІигъэкІыну.

3. Республикэ бюджетым и хэхъуэхэмкІэ администратор нэхъыщхьэхэм яхуэгъэувын налогхэр, фІэкІыпІэ имыІэу кьыхах адрейм я ахъшэр - къызэІуэгъэувыжьмкІэ, абыхэм я лъныкъуэкІэ зэтрихьа щыІуэхэр гъэмэщІэнымкІэ зыхуэфащэ Іуэхуэхэр зэфІагъэкІыну.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащІам кІэлъыплъыну кьалэн щыщІым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмкІэ, финансэмкІэ и комитетым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м №725-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм фІагъым и лъныкъуэкІэ и саугъэтыр къэхьыным теухуа конкурсыр егъэкІуэкІыным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м №118-ПП*** ***Налшык къалэ***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм щащІ продукцэм иІэ щІэупщІэр къэІэтын, товархэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я фІагъым и лъныкъуэкІэ екъуалІэныгъэхэр зэраІэм, производствэр зехьэныжьмрэ фІагъымкІэ системэмрэ я Іэнатіэм иджырей Іэмалхэр къызэрыщагъэсэбэпым папщІэ хозяйствэм и субъектэхэр тегъэгушхуэн мурадкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм фІагъым и саугъэтыр къэхьыным теухуа конкурсыр иІъэсащ къэс зэ егъэкІуэкІын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм фІагъым и лъныкъуэкІэ и саугъэтыр къэхьыныжьмкІэ конкурсым теухуа Положенэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм къалэн ящыщым, къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щыналъэ администрацэхэм чэнджащ етын продукцэ къэзылэжьхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм фІагъым и лъныкъуэкІэ и саугъэтыр къэхьыныжьмкІэ конкурсым хэтын папщІэ ядэІэпыкъуну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм хуэгъэзащІ конкурсыр зэрекІуэкІымрэ абы кьырикІуэжащ Іуэхубзэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм кьытрыригъэдзэну.

5. Къару ямыІэжу кьэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу мы къыкІэлъыкІуэхэм:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм фІагъым и лъныкъуэкІэ и саугъэтыр къэхьыным теухуа конкурсыр гъэ къэс егъэкІуэкІыным и Іуэхукіэ» №109-ПП-м щІэту 2006 гъэм мэлыжьхьым и 27-м кьищтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм мэлыжьхьым и 27-м кьыдигъэкІа унафэ №109-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2008 гъэм мазаем и 15-м №19-ПП-м щІэту кьищтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм мэлыжьхьым и 27-м кьыдигъэкІа унафэ №109-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2009 гъэм шыщхьэуІуэм и 17-м №225-ПП-м щІэту кьыщтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм мэлыжьхьым и 27-м кьыдигъэкІа унафэ №109-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м №365-ПП-м щІэту кьыщтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм мэлыжьхьым и 27-м кьыдигъэкІа унафэ №109-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2012 гъэм мэлыжьхьым и 26-м №109-ПП-м щІэту кьыщтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм мэлыжьхьым и 27-м кьыдигъэкІа унафэ №109-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м №212-ПП-м щІэту кьищтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм мэлыжьхьым и 27-м кьыдигъэкІа унафэ №109-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2015 гъэм накъыгъэм и 22-м №100-ПП-м щІэту кьищтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм фІагъым и лъныкъуэкІэ и саугъэтыр къэхьыным теухуауэ гъэ къэс кьызэрагъэпэщ конкурсыр езыгъэкІуэкІ Конкурс комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм мэлыжьхьым и 27-м кьыдигъэкІа унафэ №109-ПП-мкІэ кьищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2015 гъэм фокІадэм и 28-м №220-ПП-м щІэту кьыдигъэкІам.

6. Мы унафэм щыщу 2019 гъэм щышылэм и 1-м щегъэжьауэ кьару зыгъэут пункт 1-м нэмыщІ, адрей Іыхьэм кьару егъэут официальнэу кьыщыгъадза махуэм щегъэжьауэ.

7. Мы унафэр зэрагъэзащІам кІэлъыплъыну и пщэ илъхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Бэлэтокъуэ В. Хь.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий**

*(Гуэдзэныр 2-нэ нап. итщ).*

● ЗэІущІэхэр

## Щіымахуэм зыхуагъэхьэзыр

**КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьудэгъэ Болэтокъуэ Владимир иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ республикэм и псэупІэ-коммунальнэ Іуэхущ1апІэхэр щ1ымахуэм зэрыхуэхьэзырым щытепсэльыхьа зэІущІэ.**

АБы щІэсащ министерствэхэм я лЫкІуэхэр, щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, «Къэббалъкъэнерго», «Газпром Налшык зэхэкІыпІэ» Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэр.

- УФ-м и щыналъэхэм гъэсныпхъэм, уэздыгъэм, псым я уасэр кьыщыхэхьжьымыкІэ япэ увыпІэкъэ зыІыгъхэм ящыщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр. ЦІыхухэ къыхэхьжьынир тэмэму зэрызэтедублам и фІыгъэкІэ, щІымахуэм зыхуэдгъэхьэзыры-ну нэхъ тынш хуащ, - къыхигъэщащ Болэтокъуэм, зэІущІэр щиублэм.

Абы и псалъэхэм щыхьэт техьауащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и чэнджэщэгъу **Бэлагъы Борис** жиІари:

- 2017-2018 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зыхуэдгъэхьэзырын щІэддзащ: котельнэхэм, Іугъуэр зэрыкІ, псы хуабэмрэ щІыІэмрэ зрикІуэ бжьамийхэм долэжь, зыхуэй худогъаз. Абы къыхэкІкІэ Налшык къалэ псы хуабэ тхьэмахуэтІкІэ иІэнукъым. Кьыхэзгъэщынут псы къыдэзыт Іуэхущ1апІэхэм етщІыпІа зэгурыІуэныгъэхэм ирипльэжьн зэрыхуейр. Сыту жыпІэмэ, псыр кьыщыщІаш щІыпІэм деж кьыщыщІдзауэ кьалэм къэсыху а псымкІэ жэуап зыхьыр дэракъым, псыр кьыщІэзытраци, цІыхухэм я деж нэмыс щыкІэ абы и фІагъымрэ и кьабзагъымрэ дзэ дызэрыкІэпыллъынкІэ Іэмалхэр кьыдолъыхъуэ, - игъэбелджылащ Бэлагъым.

Кьыщынэмыщ1ауэ, кьулыкъущІэм зэрыжиІамкІэ, сом мелуан 545,1-рэ яІэщ 2017 - 2018 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъжьыгъэхэр ириздфІахьыну. Апхуэдэу, псыр гъэкъбзэзнымкІэ, ахэр унэхэм ешэлІэнымкІэ, зэрекІуэлІэ бжьамийхэм елэжьынымкІэ Іуэхуэхуэхэр щрагъэкІуэкІынущ Нартткъалэ, Бахъсэн кьалэ, Курп Ищхьэрэ, Кьармэзхьблэ, Кьамылыкъуэ, Урыху, Малкэ, Яныкъуей, нэгъуэщІ кьуажэхэмэ. Бэлагъым зэрыжиІамкІэ, лэжьыгъэхэр жэпуэгъуэм и 1-м ирихьалІэу зэфІагъэкІынущ.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

## ⊛Ди къуэш республикэхэм

### УнафэщІыр яхъуэж

АДЫГЕЙ. ***Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Адыгейм щІыІэ УФСБ-м и унафэщІу игъэуващ Шаменков Виктор.***

МЫ ІЭНАТІЭМ и пэкІэ Шаменков Виктор Тэтэрстаным и УФСБ-м и унафэщІым и къуэдзэу щытащ. Адыгейм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КъумпІыл Мурат ирагъэщІыхуащ республикэмкІэ УФСБ-м и тхьэмадэщІэр. А е кьулыкъур 2009 гъэм щыщІадзауэ иджы къэсыху иІыгъащ Селезнёв Олег.

### Зэдэлэжьэну зэгурОІуэ

АБХЪАЗ. ***Якутиемрэ Абхъаз Республикэмрэ ЩІэныгъэхэмкІэ я академиехэр зэрыззэдэлэжьэнум теухуауэ зэгурыІуащ.***

ТХЫДЭ, щэнхабзэ кьулеягъ зыбгъэдэлъ республикэхэр щІэныгъэмкІэ, технологиещІэхэмкІэ зэрызэдэлажьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм дыгъуасэ Іэ щІадзащ Якутием ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и президент Колодезников Игоррэ Абхъазым ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Іэтащхьэ Джапуа Зурабэр. Мы щІыналъэхэр фІыуэ зэпэжьжьэми, Абхъазым-рэ Якутиемрэ я щІэныгъэлІхэр гъунэгъу зэхуищІащ щІэныгъэхутэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІым, Іэщ1агъэлэхэр гъэхьэзырыным гулъытэшхуэ зэрыхуащІым, абы и лъныкъуэкІэ зэрызэдэІэпыкъум.

### Уэмрэ псыдзэмрэ я лъэужь

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Зеленчукскэ станицым дзэхэм уэр зэрарышхуэ яхуэхъуащ. Хьыбар къызэратамкІэ, унэ 53-м я унащхьэр зэрахъуэкІын хуейуэ зэтрикъутащ.***

КЪИНЭМЫЩІАУЭ, Домбай жылагъуэм дэт турист Іуэхущ1апІэ зыбжанэм псы ящІэуащ. МЧС-м и лэжьакІуэхэм хьэщІэщым къыщІагъэпэчъуКІын хуей хуащ зызыгъэпсэху цІыхуи 130-рэ, абыхэм ящыщу 77-р сабийщ. Домбай и администрацэм къызэритымкІэ, цІыхухэм я дежкІэ шынагъуэ щыІэкъым. Апхуэдэуи пІалъэкІэ зэхуащІащ Теберда къэрал мэз гъэфІэным (заповедником) ухуэзышэ гъэзэгу 17-м щыщу 4-р.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

## Мы махуэхэм

**Бадзэуэгъуэм и 6,** *махуэку*

**♦Къэзахъ Республикэм щагъэлъапІэ я къалащхьэ Астана и махуэр**
**♦1557 гъэм** Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм гухьащ.
**♦1661 гъэм** Иркутск къалэм и лъабжьэр ягъэтІылъащ.
**♦1785 гъэм** США-м и Конгрессым унафэ кьыщІащ долларыр америкэ ахъшэу гъэувыным теухуауэ.
**♦1803 гъэм** Санкт-Петербург кьыщызэрагъэпэщащ мафІэсгъэункІыфІ гуп.
**♦1912 гъэм** Швециеи и къалащхьэ Стокгольм кьыщызэІуахащ V Гъэмахуэ Олимпи джэгуэр. ИпэжьпІэкІэ зэхьэзэхуэхэр екІуэкІащ мэлыжьхьым кьыщыщІадзауэ.
**♦1923 гъэм** кьару игъуэтащ СССР-р къызэгъэпэщыныр абы и Конституцэр къыщІэнымрэ теухуа унафэм. СССР-м и ЦІыхубэ Комиссархэм я Советымрэ (Правительствэр) наркоматхэмрэ кьызэрагъэпэщащ.
**♦1957 гъэм** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и гуфІэгъуэ сессие зэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгучьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам икІи республикэм Ленин орденыр етІуанэу кьызэрыратам.
**♦1997 гъэм** Къэзахъстаным и парламентым унафэ къищтащ я къалащхьэр Алма-Ата ирахыу Акмола (иджы абы зэреджэр Астанащ) яхьыным теухуауэ.
**♦2009 гъэм** Москва къэкІуащ США-м и президент Обамэ Барак.
**♦2013 гъэм** Къэзан кьыщызэІуахащ XXVII дунейпсо къихутащ дунейм зэщІэзышІэ кьару зэрыхэлъыр.
**♦1918 гъэм** Советхэм Екатеринодар (иджырей Краснодар) щрагъэкІуэкІа съездым унафэ кьыщащтащ Кавказ Ищхьэрэ республикэ къызэрэпэщыным теухуауэ.
**♦1920 гъэм** Антверпен (Бельгие) щыщІидзащ VII Гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр. Ар къызэІухыным теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр щекІуэкІар шыщхьэуІуэм и 14-рэ.
**♦1923 гъэм** Азербайджан ССР-м хьэкъуэ къызэрагъэпэщащ Нагорнэ Карабах автономнэ областыр.
**♦1932 гъэм** гъэш промышленностым и щІэныгъэхъуэхтаКІуэ институту Ленинград къалэм дэтым къэралым щыІэныгъэ къыщыгупсысащ шэр зэрагъэгъуащ, иужькІэ ар зэрахьэж Іэмалыр.
**♦1941 гъэм** Киев фашистыдзэхэм ящыхъуэмэным теуха зауэшхуэм щІидзащ. ФокІадэм и 26 пщІондэ гуащІуэ зэпэщІэтауэ, къалэр нэмыщхэм иратри, советыдзэхэр икІуэтын хуей хъуат.
**♦1971 гъэм** КІыщокъуэ Алим СССР-м и Литературэ фондым и унафэщІуэ хахащ.
**♦**Белоруссием и цІыхубэ усакІуэ, зэдзэкІакІуэ, драматург, БССР-мрэ УССР-мрэ щІэныгъэхэмкІэ я академием и академикуэ щыта **Купалэ Янкэ** (и цІэ-унэцІэ дыдэр **Луцевич Иванщ**) къызэралъхурэ илъэси 135-рэ ирокъу.
♦ТхакІуэ, Іуэрыпсатэдж, литературовед, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Нало Заур** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦Оперэм уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артистКъ, Нашык мызэ-мытІэу щыІа **Образцовэ Еленэ** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.
♦УсакІуэ, тхакІуэ, Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист **Хъурмэ Хъусен** и ныкьыщ илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Италием щыщ композитор, уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ **Кутуньо Тото** (и цІэ дыдэр **Сальваторещ**) и ныкьыщ илъэс 74-рэ ирокъу.
♦Политик, КъБР-м и Парламентым и депутат **Іэпщэ Заур** и ныкьыщ илъэс 49-рэ ирокъу.
♦Къэрал къулыкъущІэ, Ямало-Ненецкэ автономнэ округым и Іэтащхьэ **Кобылкин Дмитрий** и ныкьыщ илъэс 46-рэ ирокъу.
♦Урысей биатлонистКэ цІэрыІуэ, Олимп джэгуэхэм я дыщэ медалхэр тІэунейрэ къэзыхьа, дунейпсо чемпионатхэм хэнейрэ щытекІуэ **Медведцевэ Ольгэ** и ныкьмеыр илъэс 42-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщІытынущ, уэшх тІэкІу кьыщеІцІхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхьэнущ.

**Бадзэуэгъуэм и 7,** *мэрем*

**♦Осетие Ищхьэрэ - Аланием егъэлъапІэ Республикэм и махуэр**
**♦Японием щагъэлъапІэ Льагъуныгъэм и махуэр**
**♦1687 гъэм** Ньютон Исаак

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм фІагъым и лъныкъуэкІэ и саугъэтыр къэхьыным теухуа конкурсыр егъэкІуэкІыным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м №118-ПП*** ***Налшык къалэ***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм щащІ продукцэм иІэ щІэупщІэр къэІэтын, товархэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я фІагъым и лъныкъуэкІэ екъуалІэныгъэхэр зэраІэм, производствэр зехьэныжьмрэ фІагъымкІэ системэмрэ я Іэнатіэм иджырей Іэмалхэр къызэрыщагъэсэбэпым папщІэ хозяйствэм и субъектэхэр тегъэгушхуэн мурадкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм фІагъым и саугъэтыр къэхьыным теухуа конкурсыр иІъэсащ къэс зэ егъэкІуэкІын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм фІагъым и лъныкъуэкІэ и саугъэтыр къэхьыныжьмкІэ конкурсым теухуа Положенэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм къалэн ящыщым, къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щыналъэ администрацэхэм чэнджащ етын продукцэ къэзылэжьхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм фІагъым и лъныкъуэкІэ и саугъэтыр къэхьыныжьмкІэ конкурсым хэтын папщІэ ядэІэпыкъуну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм хуэгъэзащІ конкурсыр зэрекІуэкІымрэ абы кьырикІуэжащ Іуэхубзэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм кьытрыригъэдзэну.

5. Къару ямыІэжу кьэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу мы къыкІэлъыкІуэхэм:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм фІагъым и лъныкъуэкІэ и саугъэтыр къэхьыным теухуа конкурсыр гъэ къэс егъэкІуэкІыным и Іуэхукіэ» №109-ПП-м щІэту 2006 гъэм мэлыжьхьым и 27-м кьищтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм мэлыжьхьым и 27-м кьыдигъэкІа унафэ №109-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2008 гъэм мазаем и 15-м №19-ПП-м щІэту кьищтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм мэлыжьхьым и 27-м кьыдигъэкІа унафэ №109-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2009 гъэм шыщхьэуІуэм и 17-м №225-ПП-м щІэту кьыщтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм мэлыжьхьым и 27-м кьыдигъэкІа унафэ №109-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м №365-ПП-м щІэту кьыщтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм мэлыжьхьым и 27-м кьыдигъэкІа унафэ №109-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2012 гъэм мэлыжьхьым и 26-м №109-ПП-м щІэту кьыщтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм мэлыжьхьым и 27-м кьыдигъэкІа унафэ №109-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м №212-ПП-м щІэту кьищтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм мэлыжьхьым и 27-м кьыдигъэкІа унафэ №109-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2015 гъэм накъыгъэм и 22-м №100-ПП-м щІэту кьищтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм фІагъым и лъныкъуэкІэ и саугъэтыр къэхьыным теухуауэ гъэ къэс кьызэрагъэпэщ конкурсыр езыгъэкІуэкІ Конкурс комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм мэлыжьхьым и 27-м кьыдигъэкІа унафэ №109-ПП-мкІэ кьищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2015 гъэм фокІадэм и 28-м №220-ПП-м щІэту кьыдигъэкІам.

6. Мы унафэм щыщу 2019 гъэм щышылэм и 1-м щегъэжьауэ кьару зыгъэут пункт 1-м нэмыщІ, адрей Іыхьэм кьару егъэут официальнэу кьыщыгъадза махуэм щегъэжьауэ.

7. Мы унафэр зэрагъэзащІам кІэлъыплъыну и пщэ илъхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Бэлэтокъуэ В. Хь.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий**

*(Гуэдзэныр 2-нэ нап. итщ).*

● ГуфІэгъуэ

## Урысей Федерацэм щынэхъыжь дыдэ Щауэ Нану

**Бахъсэн районым хьыхь Зеикъуэ къажэм щыщ Щауэ Нану Урысейм и Рекордхэм я тхыльым иратхащ къэралым щынэхъыжь дыдэу. Абы и ныкьыр ящІыІуэ Щауэ Нану Урысейм и Рекордхэм я тхыльым иратхащ къэралым щынэхъыжь дыдэу.**

УРЫСЕЙМ и Рекордхэм я тхыльым и редактор нэхъыщхьэ **Кененкэ Николай** и ныкьыщ щыхьэт техьуэ сертификатыр гуфІэгъуэ щытыкІэм иту Нану Іэ

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м къыдигъэкIа унафэ №118-ПП-мкIэ къыщыгъ*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм фIагъым и лъэныкъуэкIэ и саугъэтыр къэхьынымкIэ конкурсым теухуа Положенэ

1. Мы Положенэр зэхалъхьащ республикэм и Iэнатlэхэр фIагъ лъагэ, щIэупщIэшхуэ зиIэ продукцэ, Iэхуэтхьэбзэ къэлэжьыным тегъэгушхуэн, предприятэхэр къэгъэщIэрэщIэжьынымкIэ инновацэхэмрэ фIагъыр зэрадзыкъ иджырей системэхэмрэ зэтегъэуэвэнымкIэ ядэIэпыкъун, фIагъ лъагэ зиIэ, экологием и мардэхэм къикIа продукцэ къэзыгъэкIым хэгъэхуэным хуэгъэзауэ инвестицэхэр къызэщIагъэуIэн мурадкIэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм фIагъым и лъэныкъуэкIэ и саугъэтыр къэхьынымкIэ конкурсым и официальнэ къызэрэпэщакIуэщ: Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и цIэкIэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм СтандартизацэмкIэ, метрологиемкIэ, гъэунэхуныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ къэрал щIыналъэ центр» федеральнэ бюджет Iэхуэщ1анIэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм фIагъым и лъэныкъуэкIэ и саугъэтыр къэхьынымкIэ конкурсым хэт хуэнщ продукцэ къыщIэзыгъэкI, Iэхуэтхьэбзэхэр зылэжь предприятэхэр, организацэхэр, къэрычэтыщIэхэр, я къызэрэпэщакIэмрэ зи мылъкумрэ емылъытауэ - адрей Iэхуэщ1анIэхэр.

4. Конкурсыр илъэсищ къэс зэ ирагъэкIуэкI.

5. Конкурсыр ирагъэкIуэкI мы къыкIэлъыкIуэ номинацэхэмкIэ:

производствэ-техникэ мыхьэнэ зиIэ продукцэмкIэ - саугъэту 2;

цIыхуэхэм къагъэсбэгъэ промышленнэ товарэхэмкIэ - саугъэту 2;

ерыскъыпхьэхэмкIэ - саугъэту 8;

ухуэныгъэм ирахьлIэ материалхэмкIэ - 1 саугъэт;

ухуэншагъэм зиIэхэм я продукцэмкIэ - 1 саугъэт;

IэхуэтхьэбзэхэмкIэ - саугъэту 6.

6. Конкурсым щытекIуэхэм дипломхэр, абы балл нэхъыбэ къызэрыщахьам теухуауэ яубзыкъ.

7. Конкурсым къыщыхьа товарэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ ягъэлъагъэ, дипломхэмрэ саугъэтхэмрэ ягъэхьэзыр, апхуэдэу текIуахэр гъэлъэпIэным теухуа даэудапщэ къызэрагъэпэщ конкурсым хэтхэм я взносхэмкIэ.

9. Сом мини 3 хуэ взносыр халъхь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм иубзыхуэ счётым.

10. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм фIагъым и лъэныкъуэкIэ и саугъэтыр къэхьынымкIэ конкурсыр езыгъэкIуэкI комиссэм (адэкIэ - Конкурс комиссэщ) хэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьещтэ конкурсыр щрагъэкIуэкIыну махуэр къэсыным мазищ нэхърэ мынэхъ мащIэ иIэжу.

11. Конкурс комиссэм хагъэхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм, федеральнэ бюджет Iэхуэщ1анIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэхуэщ1анIэхэм я лIыкIуэхэр.

12. Конкурс комиссэм хэтхэм ящыщхэр зыхиуфыдэ эксперт гуп къызэрагъэпэщ.

13. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм фIагъым и лъэныкъуэкIэ и саугъэтыр къэхьынымкIэ конкурсыр зэрырагъэкIуэкIымрэ ар зэрырагъэкIуэкIымрэ щIыкIэмрэ Конкурс комиссэм цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэхуэщ1анIэхэм къытрырегъадзэ. Конкурсыр ирагъэкIуэкI ар къыщызэрагъэпэщ илъэсым и гъатхэпэ - мэкъуэгъуэ мазэхэм кьриубыдэу.

14. Конкурс комиссэр эксперт гупым къыхьалъхьахэм бадзэуэгъуэ мазэм хоплъэ, конкурсым кьрикIуахэр кьепщытэж, текIуахэр еубзыхури, кIэух протоколыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр хэпльэн папщIэ хуегъэхь.

15. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм конкурсым щытекIуэхэм наградэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэхэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм, предприятэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ организацэхэм я унафэщIхэр хэту щэкIуэгъуэ мазэм - фIагъым и дунейпсо махуэмрэ фIагъым и европэ тхьэмахуэмрэ япэ къикуэу къызэрагъэпэщ гуфIэгъуэ даудапщэм щарет.

16. Зи продукцэр, Iэхуэтхьэбзэхэр текIуа предприятэхэм, организацэхэм, къэрычэтыщIэхэм фIащ « -------- гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм фIагъым и лъэныкъуэкIэ и саугъэтыр къэхьынымкIэ конкурсым и лауреат» цIэр.

Адрейхэм конкурсым зэрыхэтамкIэ щыхьэт тхьилъхэр щрат.

17. Конкурсым и лауреатхэм хуитыныгъэ ягъуэт езыхэм я документхэм, материалхэм (этикеткэхэм) «----- гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм фIагъым и лъэныкъуэкIэ и саугъэтыр къэхьынымкIэ конкурсым и лауреат» псалъэхэр къыщагъэсэбэпыну.

18. Конкурсыр зэрфIэкIа нэужь «СтандартизацэмкIэ, метрологиемкIэ, гъэунэхуныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ къэрал щIыналъэ центр» федеральнэ бюджет Iэхуэщ1анIэм щыIэ хабзэхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм фIагъым и лъэныкъуэкIэ и саугъэтыр къэхьынымкIэ конкурсым и лауреат» псалъэхэр къыщагъэсэбэпыну.

**А псэпльафэр уигу къегъэкIыж дыкъэзыухъуреихь дунейм и псы ежэххэмрэ хьжьейхэмрэ ящыщ куэдым иужьрей илъэсищIым ягъуэта щIытыкIэр зыхуэдэм.**

ЗИ НЫБЖЬ нэхъ хэкIуэтахэм къызэрагъэзэжьмкIэ, илъэс 30 - 40-кIэ уэлэбжькIьжмэ, я куэншыбыр псы екжхэм хэзыкIутхэм, уеблэмэ, я гъунэгъуу щизыгъэтIылъыкIэм емыкIуштхуэ хуащIу, етхьэкъуу щытащ, узыншагъэм дежкIэ зэранигъэ ин къэзышэ иджырей кIэрыхуэбжьэрыхухэм хуэдгъэдэн а зэманым щымыIа пэтми.

Тхыдэ мыжыжьэм къызэрыхэщыжьымкIэ, Iэхуэр хэплъэгъуэ щыхьэр мелуан куэд зыдэс кьалэ абрагъуэкIэм зыкъыщыжьажьа промышленностыр хуабжьу «ефIэкIуэн» щыщIидзэ XX лIэщIыгъуэм икуэраща.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, кIэрыхуабжьэрыхуэхэмрэ тхьащIэпсхэмрэ псы ежэххэм хэбутIыпщхьэну куэдкIэ нэхъ тыншщ, ахэр лъэныкъуэ ебгъэзгъ бгъэсеижьым нэхърэ. Араща, зыкъом щIауэ екIуэкI щхьэзыфIэфIагъым ЩIы Хъурейр щытыкIэ гугъум иригъэуВауэ, щIыхуэхэм я нэхъыбапIэм ар иджыри нэгъэсауэ кьагурымыIуэ пэтми. Псы ежэххэмрэ хьжьейхэмрэ ящыщ куэдыр, апхуэдизу шэдылъэ теплъэ кIэ хьуащи, кьыпхуэщIыхужьырхьым.

Къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэ предприятэшхуэхэмрэ заводхэмрэ я унафэщIхэр иджы ирахулIэ фIейхэр зыгъэкъабзэ IэмэпсымэхэмкIэ зыкъызэрагъэпэщыным. Абыхэм ахъшэшхуэхэр трагъэкIуадэ пэтми, щIыуэпсым кьыпльыца лейр зэгъэзэхуэжьигъуафIэкъым. КIэрыхуабжьэрыху пкъыгъуэ быдэхэмрэ промышленностым кьыдэхуа ткIуаткIуэ кIэкъынэхэмрэ зыхакIута, зыхакIа псыр пэлъэщыжьыркъым ахэр зыхигъэкъэбзыкIыжьыным.

Дыхэрыщыгъуаэзщи, цIыхум и Iэпкъльэпкъым хэт пкъыгъуэхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэ зыубыдыр псы къызэрыгуэкIыращ, пкъыфIэу дыкъызэтенэн папщIи абы нэхъ дызыхуэй щыIэкъым. АрщхьэкIэ, ЩIы Хъурейм и къалэхэм я нэхъыбапIэм кьабзагъэр щытемыпщэмэ, абыхэм дэс цIыхуэхэм псы тэмэм дэнэ къыздрахьнур? Абы ныкъэкIыуи, зызыжьа къэралхэм щыпсэуэхэм я зэхуэдитIым нэблагъэм кьагъэссэбэпыр уз зэрыщIалэхэр къэзышэ хьэпIалIэхупсхэр зыхэс псыщ.

ДзыхуэхуIэр араща, ЩIы Хъурейм зы илъэс къэмынэу кIэрыхуабжьэрыхуу тонн мелард 400-м нэблагъэ щызэтрехьэ. Абыхэм я нэхъыбапIэр псы ежэххэмрэ хьжьейхэмрэ хакIутэ. АтIэмэ, ди планетэм псыуэ тетым я проценти 3 къудейращ мышыур, адрейхэр зыIупльхьэнкIэ Iэмал имыIэу шыугъэщ. Уэзфэ хъууэ щыта псыр зэрауфIеям и зэранкIэ, ЩIы Хъурейм илъэс къэс ику иту цIыху мелуани 3,4-рэ толIыкI. Дяпэкlэ а бжьыгъэ нэхъыбэжь хъуну хуагъэфащэ. Псы шыугъэхэми я нэхъыбапIэр яуфIеящ: Дунейпсо хьшхэхэм и экологие щытыкIэр къэзыгъэпэгъуэ атпасыщIэм къэзрыхэщымкIэ, ЩIы Хъурейм псыуэ тетым и проценти 4 къудейращ къабзэу къызэтенар. Адрей псоми, ди жагъуэ зэрыхэунщи, цIыхум и узыншагъэмкIэ зэран хъу фIейр лъагъэIэсащ.

**ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапщэ.**

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

# ЗэфIагъэкIахэр мащIэкъым, къапэщытхэр нэхъыбэжщ

**КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щедэIуащ республикэм Хуэныгъэмкlэ, экономикэмкlэ, гъэуэгу хозяйствэмкlэ и министр Къуныжь Вячеслав, палатэм Экономикэм нэрылъагъу унэтIыныгъэхэм зыщегъэужьынымкlэ, хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкlэ (ЖКХ) и комиссэм и унафэщI Павленкэ Владимир щыди щIыналъэм и гъэуэгуэм я щытыкIэм теухуауэ жаIахэм, Жылагъуэ палатэм деж щыIэ ЩIалэгъуалэ советым мы Iэнатlэм и щытыкIэр зыхуэдэр къызэрипщытам кърикIуахэм, нэгъуэщIхэми.**

МЫ ЗЭМАНЫМ республикэм щагъэзащIэ КъБР-м и Правительствэм 2013 гъэм щэкIуэгъуэм и 11-м къыдигъэкIа Унафэ №296-ПП-м ипкъ иткIэ зэхалъхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспорт Iэнатlэм зыщегъэужьын» къэрал программэмрэ абы щыгъу «Гъуэгу хозяйство» программэ гуэдзэнымрэ.

- Иужьрейр зыхуэунэтIа мурад нэхъыщхьэр республикэм и автомобиль гъэуэгуэм я щытыкIэр егъэфIэкIуэнырщ. Абы игъэмэщIэн хуейщ а гъэуэгуэм къыщыхъу бэлytIэлIуэхэмрэ насыпыншагъэмрэ я бжьыгъэр. Ищхьэкlэ зи гугъу тщIа унафэм щыгъэбелджьыладж программэ гуэдзэным щыубзыхуа лэжьыгъэхэр федеральнэ, республикэ бюджетхэм «Гъуэгу фондхэм» я къакъкIэ, бюджетхэм ящымыщу хэкIыпIэхэм къыхэкIкэмкIэ зэрагъэзащIэр, - щыжиIащ и псалъэм Къуныжь Вячеслав.

Къэбэрдей-Балъкъэрым псоми зэхуэдэу къагъэссэбэп гъэуэгуэм километр мини 8-рэ 855-м щIигъурэ щакIыхьагъущ. Абыхэм ящыщу километр 379,6-м федеральнэ, километр мини 2-рэ 938-м щIыналъэ, километр мини 5-рэ 537-м муниципальнэ мыхьэнэхэр яIэщ.

Нахъапэми хуэдэу, кьалэнышхуэу кьонэж а гъэуэгуэр зыхуэй хуэгъэзэнныр, абыхэм шынагъэншэу икIи тыншу ущызекIуэныр къызэгъэпэщыныр. КъБР-м блэкIа илъэсым мы Iэнатlэм лажьыгъэшхуэ щызэфIигъэкIащ.

Псалъэм папщIэ, гъэуэгуэр зэгъэпэщыжьым сом мелуани 4,3-рэ трагъэкIуэдащ. Абы къызэщIеубыдэ шынагъэншэу транспортыр зэкIуэн папщIэ ягъэува гъэуэгу дамыгъэу 65-р, хъыбар уэзыгъащIэ пхъэбгъу цIыкIуу 81-р, нэгъуэщIхэри. Метр 447-м я бгъуитIымкIи гъущIым къыхэщIыкIа бжьыхьэр щаукъуэдиящ.

Къызыхуэтыншэу гъэуэгуэр зэгъэпэщыжьым псори зэхэту сом мелуан 12,6-рэ хухахащ. НэгъуэщI лэжьыгъэу зэфIагъэкIахэм сом мелуан 218,1-рэ трагъэкIуэдащ. Асфальтрэ бетонрэ щIэрыщIэу щытралъхьэжащ метр зэбгъуэнатIэ 351-м. Гъэуэгуэр зехьэным хухаха сом мелуан 348-рэ къагъэсэбэпакIэщ. Зи гугъу тщIы Iуэхуэгъэзэм къызэщIеубыдэ транспортым и шынагъэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ нэтIэхэри. Абы къикIыр араща, 2020 гъэм нэс дэлъ лъэхъэнэм тещIыхьа программэ гуэдзэным щыубзыхуахэр кьанэ щIагъэ щымыIэу зэфIагъэкIащ.

Абы щыгъуэми нэрылъагъущ иужьрей илъэсхэм КъБР-м автомашинэхэр нэхъыбэ зэрыщIухьуар гъэуэгуэм нэхъ кьаэзэрытехьэлъэри, я щытыкIэм зэрыригъэкIакIуэри.

ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа министерствэм мы Iэнатlэм къаруушуэ иритхьэлIэми, щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъэуэгуэр щIэх дыдэу Iисраф мэхъуж. Ахъшэр кьаэзеремэщIэкIым и зэранкIэ, абыхэм хухах мылъкур ахэр зэфIэгъэувэжьным хурикъуркъым.

Федеральнэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъэуэгуэм ящыщу километр 28,5-р (проценти 7,5-р) мардэу ягъэува пщалъэхэм къытIасэркъым, республикэм щежах псыхэм ятелъ лъыжьжэм ящыщу 32-р, тоннели 2-р зэгъэпэщыжьым хуейщ. ЩIыналъэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъэуэгуэм я процент 43,4-р (2017 гъэм щIышылэм и 1-м зэрыщытамкIэ) иджырей зэманым щыIэ пщалъэхэм къытIасэркъым.

КъБР-м и федеральнэ гъэуэгуэм ябгъуэхэм, къэдгъэльагъуэмэ, Дзэлыкъуэжьажь, Шэджэм, Аруан, Старэ Шэрэдж, Арщыдан, Анзорей къуажэхэм я деж, электроуэздыгъэхэр ирикъуу щыслфIэдзакъым.

Бедык, Бахьсэн Ипщэ, Тегенекли, Байдаевэ къуажэхэм, Тырныауз къалэм, Бахьсэнрэ Испъэмейрэ я язныкъуэ щIыпIэхэм деж электроуэздыгъэхэр щыслфIэдзакъым.

Транспортыр къызэтезыгъэвыIэзыгъэжьэж светофорхэр зэманыр къэзыбжхэмкIэ щызэрахъуэкIын хуейщ Шэджэм, Аруан, Старэ Шэрэдж къуажэхэм.

А152-нэ гъэугум, Прохладнэ - Бахьсэн - Эльбрус жылагъуэхэр зэпызыщIэн, щIыщу Iыхьэ 16-м я Iуфэхэм гъущI бжьыхьэр Iуткъым.

Федеральнэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъэуэгуэм къащхьэщыкIыр, ди щIыналъэм яйхэм я нэхъыбэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжьи е къуэнэхуа кумбхэр асфальткIэ ягъэбыдэжьи хуейщ. Псалъэм папщIэ, Лашынкъей - Хъущтэ-Сырт, Хьэсэней - Джэрпэджэж къуажэхэм я зэхуаку дэлъ гъэуэгуэр щIагъуэкъым. Ахэр фIагъэхэмылъу зэрызэрагъэпэщыжьым къыхэкIыу, псынщIэ дыдэу Iисраф мэхъуж. Къэдгъэльагъуэмэ, Хьэсэней - Джэрпэджэж гъэугур 2015 гъэм ремонт ящIауэ щытащ, арщхьэкIэ, язныкъуэ щIыпIэхэм къызэрыщытIэсхьам къыхэкIыу, щIэрыщIэу елэжьыжьын хуей хъуащ.

Лъэс зэпрыкIыпIэхэр зэрагъэнаIуэ дамыгъэхэр щIэх-щIэхыурэ зэрытекIыжри гуныкъуэгъуэщ. Абы щыгъуэми ахэр жэщ-махуэм и сыт хуэдэ зэманми белджылыуэ щыхэплъагъуэкIыу щытыпхъэщ. Пэжщ, зи гугъу тщIыр республикэм и щIыпIэ щхьэхуэхэрщ: федеральнэ мыхьэнэ зиIэ гъэуэгуэм абы и лъэныкъуэкIэ я щытыкIэр нэхъ тэмэмщ, уеблэмэ зэгъэпэщауи жыпIэ хъунущ.

Iуащхьэмахуэ, Шэджэм, Шэрэдж районхэм я зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэм узышэ автомобиль гъэуэгуэр зэрымыщIагъуэм кьыхэкIыу, абыхэм щызекIуэ транспортым я бжьыгъэ КъБР-м и къэрал автоинспекцэм мардэм хуигъэкIуэн хуей хъуащ, цIыхухэм я гъащIэмрэ узыншагъэмрэ, щынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыныр нэхъапэу кьильытэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и унафэкIэ 2017 гъэм гъэуэгу лэжьыгъэу зэфIагъэкIын хуейм хуэгъэзауэ зэхалъхьа планым илъэс кIэ, километр 30-р къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжьын, километр 34,9-р кьагъэщIэрэщIэжьын хуейщ.

Мыдрейуэ, гъэуэгуэм я щынагъуэншагъэм кагъэхъуэн мурадкIэ, километр 24,7-м ябгъуэхэр уэздыгъэкIэ къыщагъэнхунущ, къэувыIэпIэ зэгъэпэщахэр щагъэувынущ, зыхуеину дамыгъэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ. А псори Урысей Федерацэм щызекIуэ пщалъэхэм тету зэфIагъэкIынущ.

2017 гъэм, КъБР-м и Гъэуэгу фондым щыщу, республикэм щынальэ мыхьэнэ зиIэ и гъэуэгуэр щызэгъэпэщыжьынэ сом мелуан 210-рэ хухахынущ, сом мелуан 60-р Налшык Мэлбахъуэм и цIэр зезыхьэ и уэрамым гъущI гъэуэгу зекIуапIэр щытехьым, и Iэгъуэблагъэр зыхуей хуэгъэзэным хуаутIыпщынущ. Кьалэн зыщащIыжьажэм ящыщщ Калюжнэм, Комаровым, Залихановым, Цеткин сымэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэр, нэгъуэщIхэри зэрагъэпэщыжьынущ.

Гу зылытахэр и тегъэщIапIэу, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и советым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм чэнджащ ирет ищхьэкIэ кьэдгъэлъэгъуа лэжьыгъэ псори зэфIэгъэкIыным и чэзум ахъшэ хухихыну, республикэм и бюджетым къыхэкIыу районхэм хуаутIыпщ мылъкури къызэрагъэсэбэп щыкIэм кIэлъыплъынущ.

КъБР-м Хуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммуналнэ, гъэуэгу хозяйствэмкlэ и министерствэм и нэIэ тригъэтын хуейщ 2020 гъэм нэсыху «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортыр къызэрыщагъэсэбэп щыкIэр егъэфIэкIуэн» къэрал программэм щыубзыхуа лэжьыгъэхэр зэрызэфIагъэкIым. Зэрыгурыуэгъуэщи, абы и лъэныкъуэкIэ къулыкъущIэхэм, Iэхуэм и гъэщIэлIа псоми яхь жэуаплныигъэми хэгъэхъуэн хуейщ.

Жылагъуэ палатэм зыхуэфащэ чэнджэщэр ярет республикэм и районхэмрэ къалэхэмрэ я щIыпIэ самоуправленэхэм я органхэми. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и мурадщ езым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ советым хэтхэр зыщIигъуурэ, федеральнэ, щыналъэ, муниципальнэ мыхьэнэ зиIэ гъэуэгуэм я щытыкIэр илъэс къэс кьипщытэну.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

● Дэ кьытхуатх

# Куэдрэ зыпэплъа махуэ

Ныбэжь Мышэ

**Тэрч щIыналъэ хыхьэ Болэтей къуажэм къыпсэлъыкIри, иджыблагъэ Ныбэжь Мышэ хэзыбар къызигъэщIащ Ростов областым кIуэуэ Хэку зауэшхуэм хъыбарыншэу хэкIуэда и адэ Мэжид Къэлымэт и къуэр щыщIалъхьа щIыпIэм щыхуагъэува фэеплъым щхьэщытыну, Iэ дильэну Iэмал зэриар кьыскуиуэтэжащ Мышэ. ИкIи а Iуэхум сэ сызэрыхэлыфIыхьам щхьэкIэ фIыщIэ кьыскъуищIащ. Фэеплъым тет спискэм ит цIыху 900-м ящыщу абырэ нэгъуэщI зырэт адырэу яхэтыр.

Мышэ Ростов зышар и малъхъэращ, и къуэшым и къуэхэр я гъусэу.

Сэ илъэс 40-м щIигъуауэ солэжь Хэку зауэшхуэм щаукIахэмрэ хъыбаршэу щыхэкIуэдахэмрэ я хъыбар зэхуэхьэсыным. Хьыбаршэу зауэм хэкIуэдауэ нобэкIэ пщIы бжыгъэхэр кьэзгъуэтыжащ. Сэ а Iуэху щхьэпэм щIэгъэкъуэн кьысхуохьу гъыхъуакIуэхэр, щIыпIэ администрацэхэм я лэжьакIуэхэр, къищынэмыщIауэ, къэдгъэсбэпащ архивхэм, военкоматхэм я дэфтэр хъуманIэхэр. Мис а къэдгъуэтыжахэм ящыщ зыт Мышэ и адэри.

Ростов областымрэ Сталинградрэ и Iэшэлъашэхэмрэ щекIуэкIа зауэ гуащIэм хэта 115-нэ Къэбэрдей шу дивизэм и зауэлI куэдым я псэр ятащ, язныкъуэхэри хъыбарыншэу кIуэдащ. Си кьуажэгъуэхэм я Iуэху зэрыхъуар къэхутэн мурадкIэ, Ростов областым зыбжанэрэ сытхащ. Ди лъахэгъу куэд щыщIалъхьащ а щIыпIэм, икIи абыхэм фэеплъхэр хуагъэувауэ, пщIэ хуащIу, кьабзэлъабзэу зэрахь.

Зэи имылъэгъуами, Мышэ ирогушхуэ лIыгъэ хэлъу зи псэр зыта и адэм, икIи абы и фэеплъым хуэпэжу мэпсэу. Мэжид зыщIыхуу щытахэм зэрыжаIэжьымкIэ, ар зауэм илэкIэ кьуажэ коммунистхэм я пашэу, пщIэ лъагэра фIэлъыкIрэ иIэу, къызэрэпэщакIуэфIу щытат. Шэч хэлъкъым, апхуэдэ цIыхур бийм зи щIыб хуэзыгъэзэнухэм ящыщу зэрыщымытам.

Кьуажэ еджапIэр кьиуха нэужь, езы Мышэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэтIысхьэри агроном Iэщ1агъэр зригъэгъуэтащ. Кьуажэм кьиигъэзэкри, «Заря коммунизма» колхозым лэжьэн щыщIидзащ. ЯпэщIыкIэ учётчику, бригадиру, хозяйствэм и унафэщIу лэжьащ. ИужькIэ агроному, илъэс дэкIри агроном нэхъыщхьэу ягъэуващ. А кьулыкъур илъэс тIощIым щIигъукIэ хьэлэлу ирихьэкIащ Мышэ. И лэжьыгъэфIэхэм кьапэкIуэу щIыхь тхыльхэр, цIэ лъапIэхэр, дамыгъэхэр, дыжьын медалхэр зыбжанэрэ кьыхуагъэфэщащ Ныбэжьым. Абыхэм ящыщщ «Щыхьым и дамыгъэ», «Зауэм и бынхэр», «Лэжьыгъэм и ветеран» дамыгъэхэр, цIэ лъапIэхэр.

Дзэм кьулыкъу щыщищIэм, Ныбэжьыр хэтащ Венгриием и щхьэхуитыныгъэр зыхъумэжаxэм икIи ажалым и нэгум зэрилъар зэхьым. Аращ абы Хэку зауэшхуэм хэтахэм яIэ льготэхэм хуэдэ щIиIэр. Мышэ жылэм щекIуэкI жылагъуэ гъащIэм жьыджэру хэтщ, кьуажэм щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэщ.

**ДЭЩIЫРХЪУЕЙ Мусэрбий,**
*УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт.*
*Новэ Хьэмидей къуажэ.*

● КъБР-м и прокуратурэм

# Я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ щызохъуажэ

**КъБР-м и прокуратурэм федеральнэ заокнодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынымкIэ и управленэм и къудамэм и прокурор Абазэ Тимур хэтащ 2017 гъэм и гъэмахуэ зыгъэпсэхуГуэ лъэхъэнэр къызэрызэрагъэпэщым теухуауэ Урысей Федерацэм и Президентым деж сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ Уполномоченнэ Кузнецовэ Аннэ иригъэкIуэкIа Урысейпсо селектор зэIущIэм.**

АБЫ ХЭТАЩ Iуэхур зэхьэлIа федеральнэ министерствэхэм, Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр, УФ-м и щIыналъэхэм сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ я уполномоченнэхэр.

Зэхьихьэм щызэпкърахащ узыншагъэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзэпса япэ гъэмахуэ лъэхъэнэр Урысей Федерацэм зэрыщекIуэкIар, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм защIихъуэмэным, ныбжьыщIэхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ гулъытэ хэха зыхуэщIыпхъэхэр.

ЗэIущIэм кьрикIуам ипкъ иткIэ, лэжьыгъэр егъэгъэфIэкIуэну кьалъытэ Iуэхугъуэхэр кьыхалъхьащ.

***КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1анIэ.***

● ЩIыуэпсым и илъэс

# УмыуфIеймэ нэхъыфIщ, бгъэкъабзэ нэхърэ

**А псэпльафэр уигу къегъэкIыж дыкъэзыухъуреихь дунейм и псы ежэххэмрэ хьжьейхэмрэ ящыщ куэдым иужьрей илъэсищIым ягъуэта щIытыкIэр зыхуэдэм.**

ЗИ НЫБЖЬ нэхъ хэкIуэтахэм къызэрагъэзэжьмкIэ, илъэс 30 - 40-кIэ уэлэбжькIьжмэ, я куэншыбыр псы екжхэм хэзыкIутхэм, уеблэмэ, я гъунэгъуу щизыгъэтIылъыкIэм емыкIуштхуэ хуащIу, етхьэкъуу щытащ, узыншагъэм дежкIэ зэранигъэ ин къэзышэ иджырей кIэрыхуэбжьэрыхухэм хуэдгъэдэн а зэманым щымыIа пэтми.

Тхыдэ мыжыжьэм къызэрыхэщыжьымкIэ, Iэхуэр хэплъэгъуэ щыхьэр мелуан куэд зыдэс кьалэ абрагъуэкIэм зыкъыщыжьажьа промышленностыр хуабжьу «ефIэкIуэн» щыщIидзэ XX лIэщIыгъуэм икуэраща.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, кIэрыхуабжьэрыхуэхэмрэ тхьащIэпсхэмрэ псы ежэххэм хэбутIыпщхьэну куэдкIэ нэхъ тыншщ, ахэр лъэныкъуэ ебгъэзгъ бгъэсеижьым нэхърэ. Араща, зыкъом щIауэ екIуэкI щхьэзыфIэфIагъым ЩIы Хъурейр щытыкIэ гугъум иригъэуВауэ, щIыхуэхэм я нэхъыбапIэм ар иджыри нэгъэсауэ кьагурымыIуэ пэтми. Псы ежэххэмрэ хьжьейхэмрэ ящыщ куэдыр, апхуэдизу шэдылъэ теплъэ кIэ хьуащи, кьыпхуэщIыхужьырхьым.

Къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэ предприятэшхуэхэмрэ заводхэмрэ я унафэщIхэр иджы ирахулIэ фIейхэр зыгъэкъабзэ IэмэпсымэхэмкIэ зыкъызэрагъэпэщыным. Абыхэм ахъшэшхуэхэр трагъэкIуадэ пэтми, щIыуэпсым кьыпльыца лейр зэгъэзэхуэжьигъуафIэкъым. КIэрыхуабжьэрыху пкъыгъуэхэмрэ промышленностым кьыдэхуа ткIуаткIуэ кIэкъынэхэмрэ зыхакIута, зыхакIа псыр пэлъэщыжьыркъым ахэр зыхигъэкъэбзыкIыжьыным.

Дыхэрыщыгъуаэзщи, цIыхум и Iэпкъльэпкъым хэт пкъыгъуэхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэ зыубыдыр псы къызэрыгуэкIыращ, пкъыфIэу дыкъызэтенэн папщIи абы нэхъ дызыхуэй щыIэкъым. АрщхьэкIэ, ЩIы Хъурейм и къалэхэм я нэхъыбапIэм кьабзагъэр щытемыпщэмэ, абыхэм дэс цIыхуэхэм псы тэмэм дэнэ къыздрахьнур? Абы ныкъэкIыуи, зызыжьа къэралхэм щыпсэуэхэм я зэхуэдитIым нэблагъэм кьагъэссэбэпыр уз зэрыщIалэхэр къэзышэ хьэпIалIэхупсхэр зыхэс псыщ.

ДзыхуэхуIэр араща, ЩIы Хъурейм зы илъэс къэмынэу кIэрыхуабжьэрыхуу тонн мелард 400-м нэблагъэ щызэтрехьэ. Абыхэм я нэхъыбапIэр псы ежэххэмрэ хьжьейхэмрэ хакIутэ. АтIэмэ, ди планетэм псыуэ тетым я проценти 3 къудейращ мышыур, адрейхэр зыIупльхьэнкIэ Iэмал имыIэу шыугъэщ. Уэзфэ хъууэ щыта псыр зэрауфIеям и зэранкIэ, ЩIы Хъурейм илъэс къэс ику иту цIыху мелуани 3,4-рэ толIыкI. Дяпэкlэ а бжьыгъэ нэхъыбэжь хъуну хуагъэфащэ. Псы шыугъэхэми я нэхъыбапIэр яуфIеящ: Дунейпсо хьшхэхэм и экологие щытыкIэр къэзыгъэпэгъуэ атпасыщIэм къэзрыхэщымкIэ, ЩIы Хъурейм псыуэ тетым и проценти 4 къудейращ къабзэу къызэтенар. Адрей псоми, ди жагъуэ зэрыхэунщи, цIыхум и узыншагъэмкIэ зэран хъу фIейр лъагъэIэсащ.

**ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапщэ.**

● Дн сурэт гъэтIылъыгъэхэр

1941 гъэм Налшык къыщыдэкIащ «Нартхэр» адыгэ эпосыр. А тхылъым итщ мы флъагъу сурэтыр.

Экономикэ Политикэ

# Махэуку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

# Зэгурыіуэжыну пІэрэ?

● Зэпыщіэныгъэхэр

**2016 гъэм и кІэхъым УФ-мрэ США-мрэ я дипломат зэпэщІэувэныгъэм щІидзащ. Трамп Дональд зэрыхуащытыр зэІимыгъэхьэн папщІэ Мэзкуу американхэм ялэжьахэм пэщІэуэн Іуэхугъуэ гуэри щрихъэжьакъым, ауэ щытыкІэр зэкІэ efIакІуэркъым.**

Тиллерсон Рекс

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий зэрыжиІамкІэ, УФ-м ирыдыдыпынущ США-м и Къэрал департаментым ейуэ ди къэралым щыІэ бгъэІэпхъуэ мыхъу мылъкур.

Ди къэралым и посольствэхэу Мэриленд, Нью-Йорк штатхэм щызэхуащІыжахэм я унэхэм унафэу хуащІыным теухуауэ упщІэ къыщратам, Песковым жиІащ Мэзкуу апхуэдэ дыдэу лъэбакъуэхэр ичыну зэрыхьэзырыр .

«А Іуэхугъуэм теухуауэ урысей лъэныкъуэм и шыІэныгъэр и кІэм нэблэгъащ - абы зэІущІэ куэдым щытепсэлъыхьащ; зэгурымыІуэныгъэхэм я гугъу пщІымэ - абыхэм я зэхэгъэкІыныр зи пщэрылъыр къэрал щІыб Іуэхуэхмкіэ Іэнатіэхэрщ», - жиІащ Кремлым и лЫкІуэм.

Фиигу къэдгъэкІыжьынщи, 2016 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм США-м и къулыкъущІэхэм УФ-м и дипломат 35-м унафэ къыхуащІащ а къэралыр икІэщІыпІэкІэ ябгынэн хуейуэ. Я хьэпшыпхэр зэщІакъуэну абыхэм пІалъэу къратар суткитІ къудейщ. Нэхъ гъэщІэгъуэныжыращи, урысей лЫкІуэхэм апхуэдэ хъыбар къыщырагъэщІар илъэсыщІэм и пэ кьиуэу зэрызехьэгъуэ махуэзкрщ, кхъухьлъатэхэм зэриті ысхьэн билет щымыІэжу, псори зэфІэзэрыхьауэ. Арати, УФ-м и дипломат пщІы бжыгъэхэм илъэсыщІэр я шумэданэхэм тесу къэрагъэхьэн хуей хъуащ.

Абы къыдэкІуэу зи текІыгъуэр хьэблагъэ США-м и президент Обамэ Барак и администратцэм унафэ ищІащ УФ-м Нэгъуэщі къэрал Іуэхухэмкіэ и министерствэм и хьэщІапІэу Мэриленд, Нью-Йорк штатхэм дэтхэр зэхуащІыжыну.

Мэзкуу къращІам хуэдэ дыдэ абыхэм ярищІэжакъым. «Дэри апхуэдэ дыдэ тхуэзэфІэкІынущ, ауэ зыкІи жуэрп зымыхь дипломатием дытекьэну дыхуейкъым», - жиІащ дыгъэгъазэм и 30-м Путин Владимир. Мэзкуу щыІэ американ дипломатхэм ИльэсыщІэр хуиту, я унагъуэхэм яхэсыжу къырагъэгъэхьащ.

Куэдым кьыхагъэщат, США-м и президентыщІэ Трамп Дональд хуиІэ зэхуащІыкІэр Кремлым кьикьутэну зэрыхуэмеяр, ар теувэмэ, щытыкІэр зэпІэзэрыт хъужыну зэрыщІыгугъыр. АрщхьэкІэ, илъэс ныкъуэ дэкІа пэтми, щытыкІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зихъуэжакъым. Урысейм и дипломат хэщІапІэкІэри Вашингтон къызэІуихыжыну и мурадкъым.

Мы гъэм и накьыгъэм УФ-м Нэгъуэщі къэрал Іуэхухэмкіэ и министерствэм хьыбар игъэІуащ, къращІахэм я жэуапу, США-м и посольствэм и хэщІапІэу Серебряный Борым дэтыр зэхуащІыжыну, США-м и лЫкІуэу УФ-м щыІэм и резиденцэри, нэгъуэщІ упхуэнигъэ гуэркэри кьытрахыну. «УФ-мрэ США-мрэ я президентхэм я зэІущІэу бадзэуэгъуэм екІуэкІынум зэгурыІуэныгъэ гуэр кьримыкІуэмэ, Урысейр хуит хъунущ къращІам хуэдэ дыдэ я американ лэжьэгъуэхэм ярищІэжыну», - щыжаІащ къэрал щІыб Іуэхухэмкіэ Іэнатіэм.

Обозревателхэм кьызэрыхагъэщІымкІэ, Трамп и администрацэм а Іуэхум и зэхэгъэкІыныр УФ-мрэ США-мрэ я президентхэм я зэІущІэм хуахъумэу аращ. Бадзэуэгъуэм и 7-8-хэм Германием и Гамбург кІалэм щекІуэкІынущ къэрал тІощІым я унафэщІхэр зыхэт саммитыр.

ДызэрыщыгъуэзащІ, Путини Трампи гукъыдэж яІэкъым я зэпсэльэныгъэхэм кърикІуэхэмкІэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм ядэгъэшэну икІи абы кьыхэкІыу зэІущІэхэм иужькІэ прессэм зыхуамыІэзэхэнкІэ хъунущ. ЗэрыхуэфащэмкІэ, къэралыгъуэхэм я Іэтащхьэхэр тепсэльыхьынуц Сириемрэ Украинэмрэ щыщІэ щытыкІэхэм.

Апхуэдэу щыт пэтми, Вашингтонрэ Мэзкуурэ я зэпэщІэтыныгъэхэм кІэ иратыну зэрыхуейм теухуауэ гугъэ уэзыгъэщІ куэд щыІэщ. Мэкъуауэгъуэм и 14-м США-м и къэрал секретарь Тиллерсон Рекс жиІащ УФ-м хуаІэ зэхуащытыкІэр зэпІэзэрыт ящІыжыну Штатхэм я акъылэгъуэхэр зэрылъаІуэр.

«Ди лэжьэгу къэрал дапщэм я ЛыкІуэхэм саІумыщІами, псоми жаІэр зыщ: «КъхьІэ, УФ-мрэ США-мрэ я зэхуащытыкІэм и Іуэху зефхэу, ар егъэфІэкІуэн хуейщ», - кьыхигъэщащ американ дипломатием и унафэщІым. Мэкъуауэгъуэм и 20-м наІуэ къхъуащ Трамп и унафэкІэ Тиллерсон планышхуэ зэрэгъэхьэзырар икІи абы и фІыгъэкІэ къэралитІым я зэхуащытыкІэр къэзІатІыж хъунущ.

«Иджыпсту США-мрэ Урысеймрэ я зэхуащытыкІэхэр кІэнауэм дагъэІ. Дц щыхьэт дытехъуэну дыхуейщ ахэр псы фІейм зэрыхамыутІыпщкъэнум. Президентым гурыІуэгъуэ сщиІащІ: политикэ унэтІыныгъэм кьыщыхъуэр ди зэхуащытыкІэр егъэфІэкІуэным зэран хуэвмыгъэхъу», - къаГуригъэІуащ Тиллерсон и епІыкІэр журналистхэм. Мэкъуауэгъуэм и 29-м Инджылызым и хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм кьызэратамкІэ, Трамп унафэ ищІащ Мэзкуу екІуэкІыни папщІэ США-м щыдичьых пчыгу Іуэхугъуэхэр зэхагъэувэну.

**ФОМЕНКЭ Викторие.**
*«Коммерсантъ»*

# Къалэ шынагъуэншэхэр

● ЩІэупщІэныгъэ

**Щэщэн Республикэм и щыхьэрыр Урысейм и къалэ нэхъ щыгъуэрщІэ дыдэщ. Апхуэдэу къыльытащ Domofond.ru порталым щекІуэкІа щІэупщІэныгъэхэм хэтахэу Грознэ кьалэм щыпсэуэхэм. ЕтІуанэ увыпІэр зэдагуэшащ Сочэрэ Нижневартовск къалэмрэ.**

РЕЙТИНГЫР зохагъэувыкІ къэралым и къалэ нэхъ ини 100-м щыпсэу ІыкІы 258441-м зэреупщІащэм кърикІуэхэм япкъ иткІэ щІыхуэм жаІэн хуейт, «сэ шынагъуэншагъэ щІынальэм сыщопсэу икІи жэщым унэм сыкІуэжыну сышынэркъым» псальэхэм арэзы техъуэрэ темыхьуэрэ. ЩІэупщІэныгъэхэм къагъэлъагъуэхэмкІэ, пашэ хъуащ балли 10-м щыщу 8,7-рэ къэзыхьа Грознэ кьалэр. Абы кьыкІэтьыкІуэ Сочэрэ Нижневартовскрэ балли 7,5-рэ къахьащ.

Щэщэным и Іэтащхьэ Кадыров Рамзан Инстаграмым щиІэ напэкІуэцІым щыжиІащ Щэщэнрэ къэралым и щІыналъэ нэхъ шынагъуэншэ дыдэу зэрыщытыр, Урысейм и кьалэхэм ящыщу нэхъ щэхур икІи гуапэр Грознэ къалэр зэрыларр.

«Абы щыхьэт тохъуэ щІэупщІэныгъэ зэмылІэужьыгьуэхэм гуапэ щІыхьэ етІуанэ хъуауэ зэкІэлъхьэужьу Грознэр Урысейм и кьалэ нэхъ щынагъуэншэ дыдэу кьыззэралъытэр», - итхащ абы.

Грознэр къэралым и кьалэ нэхъ гуапэ дыдэуи къалъытащ. ЩІэупщІэныгъэхэр зыдрагъэкІуэкІахэм кьыхагъэщащ я гъунэгъуэхэр сытым джи дэІэпыкъуэгъу къахъухэуну зэрыкьэзэырыр. КъищынэмыщІауэ, стратегие къэпщытэныгъэхэмкІэ «Росгосстрах» центрым кьыззэрилытамкІэ, Грознэр къэралым и кьалэ нэхъ тынШитхум ящыщщ.

«Псом хуэмыдэу сыщыгугфІыкІащ щІыхуэхэм я нэхъыбэм псалъэ гуапэхэр кьалэр егъэфІэкІуэным ехьэлІа Іуэхухэм, ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм, гъуэгуэхэм зэрыщыщагъэр хуэмэнымрэ ябыщІа унэтІныгъэхэм зэрыхуэгъэзар. Абы кьегъэлъагъуэ лэжьыгъэшхуэ едгъэкІуэкІыр псыкэкІуадэ зэрымыхъуар. А псом къадэкІуэу ди мурадщ Шэщэным и кьалащхьэр нэхъ зызыжьа иджырей кьалэ тщІыну - Кавказ Ищхъэрэм и щІалэгъуалэ центру дгъэувыну. Студент кьалэ щыкІум, дунейпсо университетым, сатунэ гузыужь комплексыщІэм, спорт ухуэныгъэхэм ехьэлІа Іуэхуэныгъэхэр йокІуэкІ. Куэд дэмыкІыу хьэзыр хъунущ «Грознэ тенджызэ» турист комплексыр», нэгъуэщІхэри. ФІыщІэ хузощІ икІи сохъуэхъу Грознэ и Іэтащхьэ си къуэш Хучиев Муслъим и кьыкІэлыкІуэ екъулІэныгъэмкІэ. Ахуэдэу сохъуэхъу Грознэрэ Шэщэнымрэ щыпсэуэхэми», - къритхащ Кадыров Рамзан и интернет напэкІуэцІым.

Я гъащІэм нэхъ тогуэзвыхь Ростов областым хьихьэ Шахты кьалэмрэ Волгоградрэ щыпсэуэхэр. Абыхэм дэтхэнэмкІэ къа-хьар бгъэлы 5,6-рэщ. Мэзкуурэ Санкт-Петербургрэ «шынагъуэншагъэм и таблицэм» зэрызэкІэлъыкІуэу 31-нэ, 42-нэ увыпІэхэр кьыщахьащ.

ЩІыналъэ МВД-хэм я упраленэхэм кьата бжыгъэхэм трищІыхьу кьэрал статистикэмкІэ федеральнэ Іэнатіэм зэхигъэува рейтингым кьыззригъэлъэгъуамкІэ, 2017 гъэм и апэ кварталым Урысейм и нэхъ шынагъуэншэ щІыналъэу икІи щІэпхьаджагъэр щымащІэу кьыщІэкІащ Щэшэнр, Ингушыр, Къэбардей-Балъкъэрыр, Осетие Ищхъэрэ - Аланиер, Дагъыстэнщ.

*Regnum.ru*
*хъыбарегъащІэ Іэнатіэ.*

# Дохутырхэр школхэм Іуокіыж

● Узыншагъэ

## Зы Іэщіагъэлім сабий мини 5-м нэблагъэ къыльъоц, ар мардэм къигъэувым нэхърэ хуэдэ куэдкІэ нэхъыбэщ

**Школхэмрэ сабий садхэмрэ я медицинэ къудамэхэр дохутырхэмкІэ процент 60-кІэ, медсестрахэмкІэ процент 77-кІэ кьызэгъэпэщауэ аращ. Медицинэм и пэжьакІуэхэр зы ставкэрэ нЫкъуэрэ яхьу мэлажьэ, махуэм кьриубыдэу щІэныгъэ щызрагъэгъуэт Іуэхущіапіэ зыбжанэм дэІэпыкъуэгъу щыхъуурэ. А псом кьрикІуэу медицинэмкІэ пэшхэр и нэхъыбэм зэхуэщІащ, пщэфІапІэхэм зыри кІэлъыплъыркъым, профилактикэ лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІыркъым, къызэрымыкІуэ щытыкІэ гуэр къэхъумэ, сабийхэри егъэджакІуэхэри зыщыгугъыр дэІэпыкъуэгъу псынщІэрщ. Апхуэдэ гупсысэм щыхуэкІуащ УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм Гигиенэмкіэ, сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ хъумэнымкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм.**

ЩІЭНЫГЪЭЛІХЭМ къапщытащ медицинэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ пэшхэмкІэ щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущіапіэхэр къызэрызэгъэпэщащ. Щытыкіэм щыгъуазэ зыщащІащ Урысейм и щІыналъэ 33-м. Ику иту ахэр дохутыр-педиатрэхэмкІэ къызэгъэпэщащ процент 58,9-кІэ, медсестрахэмкІэ - процент 77,8-кІэ. Зы дохутырымрэ зы медсестрамрэ кьапльыс сабийхэм я бжыгъэр мардэм куэдкІэ щІегъу (хуэдэ 1,6 - 6-кІэ). «Сабийхэм я узыншагъэм кІэлъыплъныныкІэ къэрал щІэныгъэ-практикэ центрым» и унафэщІ, ЩІэнэгъэмкІэ Урысей Академиемрэ и членкорреспондент Кучмэ Владислав зэрыжиІамкІэ, Узыншагъэр хъумэнымкІэ министерствэм кьигъэува мардэхэр щІыналъэ куэдым щагъэзащІэркъым. «ЩытыкІэр зэпытар щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ унэтІныгъэм и унафэщІхэмрэщ. Абыхэм кьагурыІуэркъым школым узыншагъэр хъумэным хуэунэтІауэ щызэфІагъэкІ Іуэхухэм яІэ мэхьэнэшхуэр», - жиІащ Кучмэ Владислав.

Абы кьыхигъэщащ еджапІэхэм щыІэ медицинэ лэжьакІуэхэм зы ставкэмрэ нЫкъуэмрэ я нэхъыбэм пэкІуэ лэжьыгъэ ягъэззэщІэну я пщэ кьызэрыдэхуэр икІи зы школым кьикІыу адрейм щІэх-щІэхыурэ кІуэн хуейр зэхуэхуэр.

- Медицинэ дэІэпыкъуныгъэ сымаджэм егъэгъуэтынымрэ профилактикэ лэжьыгъэ егъэкІуэкІынымрэ а зэманыр ирикъуркъым. Иджыпсту махуэ псом сабийхэр медицинэ лэжьакІуэхэм яхуэныкъуэщ. Апхуэдэу жаІэ адэ-анэхэми, зи узыншагъэм кІэлъызыгъэплъыну хуейхэм я хуитныгъэхэр хъумэным и лэжьакІуэхэми, - кьыхитащІащ Іэщіагъэлім.

Гигиенэмкіэ, сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я узыншагъэр хъумэнымкІэ НИИ-м и лабораторэм и унафэщІ Рапопорт Ириндэ зэрыжиІамкІэ, медсестрахэр тхьэмахуэм кьриубыдэу школхэм зэрыщыІэр тІэу-щэ кьудейщ, сыхьэт щырыщ хуэззу, дохутырхэр - нэхъ мащІэжрэщ.

- Вакцинацэм кьищынэмыщІауэ, профилактикэ лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІыхьэркъым, сабийхэр медицинэ пэшым екІуалІэмэ, япэ дэІэпыкъуныгъэр кьэзытын щыІэкъым, - кьыхигъэщащ Рапопорт Ириндэ.

Абы и псалъэхэм кьызэрыхэщамкІэ, медицинэм и лэжьакІуэхэм нэхъыбэу щыхуэныкъуэр сабий садхэрщ. Нэхъапэм ахэр егъэджэныгъэмкІэ системэм хэтащ, арщхьэкІэ 2013 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм узыншагъэр хъумэнымкІэ системэм хагъахьожащ. А псом къадэкІуэу, щІыналъэ куэдым сабий садхэмрэ яслъэхэмрэ щылэжьахэм я стажыр мединэм хэтхэм яйм хуэдэу кьалъытакъым.

- КъызэрыщІэкІыжамкІэ, илъэс 30-м щигъукІэ сабий садхэм ехъулІэныгъэ яІэу щылэжьа медсестрахэу зи стажыр кьамыльытахэр улахуэ мащІэ дыдэ зиІэ, медицинэ училищэр кьэзыухагъащІэхэм хуэдэу кьэнэжащ. Абы и зэранкІэ нэгъуэщІ Іэнатіэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ зрапщытащ, - жиІащ профессорым.

Школхэм я нэхъыбэм щылажьэ медикхэр узыншагъэр хъумэнымкІэ системэм хэту кьалъытэу щытащ. ИлъэсипщІ хуэдиз ипэкІэ ягъэхьэзыращ абыхэм я улахуэм зэрыхагъэхъуэнымкІэ унафэр, арщхьэкІэ дэфтэрэцр кьащтакъым.

- Школхэмрэ сабий садхэмрэ я медицинэ лэжьакІуэхэм я улахуэм кьыхуущІагъуркъым сабий поликлиникэхэм щыІэхэм хуэдэу. Абы и зэранкІэ ахэр школ медицинэм хокІыж, - жиІащ Рапопорт Ириндэ.

Іэщіагъэлім хуэд щІауэ жаІэ медицинэм и лэжьакІуэхэр школхэм къешэлІэжьын зэрыхуейр.

- Дохутырхэмрэ медсестрахэмрэ зэззэмызэ фІэкІа школхэм кьызэремыкІуалІэр къемызэгъ щытыкІэщ. Хабзэм кьызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, махуэ кьэс медицинэм и лэжьакІуэм пщэфІапІэр кьиныщытэн хуейщ, арщхьэкІэ ар ягъэзащІэркъым. ИкІи ар зыми кьыфІэІуэхукъым, - жиІащ егъэджэныгъэ Іуэхутхьэбзэхэр кьэзыгъэсэбэпхэм я хуитныгъэр хъумэнымкІэ урысейпсо зэгухьэныгъэм и унафэщІ Панин Виктор. Апхуэдэуи абы кьыхигъэщащ, школхэмрэ сабий садхэмрэ щыкІуэхэм щІэх-щІэхыурэ фэбжь зэрыщагъэуэтыр икІи зэман кІыхькІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэм пэплъэн хуейр зэрыхъуэр.

**БЕРИШВИЛИ Наталие.**
*iz.ru*

● ЗэпэщІэтыныгъэ

# Катарым жэуап къарет

**Мысырым, Бахърейным, Сауд Хьэрыпым, Хьэрыпэ Эмират Зэгуэтхэм къызэрытракъуэзам и жэуап Катарым къариятащ. Апхуэдэ хъыбар зэбгригъэхъащ «Аль-Арабиа» телеканалым.**

ЖЭУАПЫР Іэрагъэхьащ Сауд Хьэрыпым нэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ и министр Адель-Джубейрэ. ЗэкІэ абы итыр хэІущІыІуэ ящІыркъым.

Фиигу къэдгъэкІыжьынщи, мэкъуауэгъуэм и 5-м зи гугъу тщІа хьэрыпэ къэралхэм Катарым хуаІэ дипломат зэхущытыкІэхэр кьызэтрагъэувыІащ, терроризмэр абы щыдаІыгъуу кьалъытэри. ИужькІэ абыхэм яхьхьащ Йеменыр, Ливиер, Мальдивхэр, Маврикиер, Мавританиер, Комор кьыТІыгухэм я зэгухьэныгъэр. Катарым Іуэхугъуэ 13 игъэзэщІэну паубыд. Абыхэм ящыщщ Ираным хуиІэ дипломат зэхущытыкІэхэр кьызэтегъэувыІэныр, «Аль-Джазира» телеканалыр зэхуэщІныр, Тыркум я къэралым щиІэ дзэ базэр ирыригъэхьауэ Анкара зауэ Іуэхукіэ дэлэжьэныр щигъэтныр, нэгъуэщІхэри.

Катарым я псори бгІэзаХуэкъым икІи кьыпаубыдаХэр и щхьэхуитныгъэр кьызэпызыду кьелъытэ.

*Лента.ру*

# Бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ

● Уасэ

## коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэм я пщІэм хохъуэ, «Мир» картэхэр къэралым и банк псомиякъыщыІах, нэгъуэщІ зэхъуэкІыныгъэхэми фыпэплъэ

**Зэрамурадам хуэдэу, гъэмахуэм и кум Урысейм зэхъуэкІыныгъэ куэд къыщыкъуащ, унэтІныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм ехьэлІауэ. Сыт хуэдизкІэ зэрыхъуэнур ЖКХ-м и уасэхэм, сыт хуэдизкІэ щыкІэкІэ электроХъарум щІэпт пщІэр нэхъ мащІэ зэрыпщІынур, щІыпхэм къатххэм ятеухуауэ дауэ Іэнатіэхэм жэуап зэрахьынур, автомашинэзэзыгъэгъуэтыну хуейхэм Минпромторгыр сыткІэ ядэІэпыкъуну? А псори щызэпкърыхащ «Известия»-м и тхыгъэм.**

### Сом 7800-м нос

2017 гъэм и бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ нэхъ мащІэ дыдэу ят улахуэр (МРОТ) Урысейм сом мини 7,8-м нэсу щыхохъуащ. Нэхъапэм ар зэрыхъуу щытар сом мини 7,5-рэщ - иужьрейуэ щыхагъхъуар 2016 гъэм щІышлІэм и 1-рщ. Дызыхуэкіуэ илъэс зыбжанэм кьриубыдэу МРОТ-р Урысейм щагъэува нэхъ мащІэ дыдэу щІыхуэр зэрыпсэуфыну кьалъытэ, 2016 гъэм и кІэуэным ирихьэлІэу яубзыхуэ сом 9889-м трагъэхъуэ я мурадщ.

УФ-м Лэжьыгъэмкіэ и кодексым кьызэрыщыхьамкІэ, лэжьапІэ зытыр хуитхъым а сом бжыгъэм нэхъри нэхъ мащІэ и лэжьакІуэм улахуэу иритыну. Арщхьэкіэ МРОТ-м и кьалэныр улахуэм и куэдагъэр ираубзыхуну ара кьудейкъым, атІэ щІыхур пІалъэкІэ зэрымылажьэфым хуэзэ дэІэпыкъуныгъэри кьарабжьнущ. КьищынэмыщІауэ, МРОТ-м елъытащ налогхэр, кьуэдыкъэ зэрагъэувынур.

### ЖКХ-м и зэхъуэкІыныгъэхэр

Бадзэуэгъуэм и япэ махуэм кьыщыщІэдзауэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм щІат пщІэми хэхъуащ. Дяпэкіэ нэхъ лъапІэу уасэр щІэттІынущ пэшхэр зэрагъэхуабэм, псы хуабэмрэ щыІэмрэ, газым, электрокъарум, канализацэм папщІэ. Щыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыпсэухэм я дежкІэ уасэхэм зэрыхъхьэнур зэхуэмыдзэщ. Ауэ ику иту Урысей псом ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэр продуктивэ 4-кІэ щыдэкІуеинущ. Мыпхуэдэу уасэхэм хэхъуэнир илъэс зэкъкІэ ІуэхугъуэщІ икІи, хабзэ зэрыхъуащ, гъэмахуэм и кум тохуэ.

ХьэлэмэтрацІ, КъуэкІыпІэ Жыжьэм электрокъарум и уасэм щыкІэрагъэхуащ. Бадзэуэгъуэм и 1-м а щІыналъэм и тарифхэр ику иту къэралым щыщыІэхэм хуагъэкІуащ.

### Зэрысымэджам щыхьэт техъуэ электрон тхылъхэр

Бадзэуэгъуэм кьыщыщІэдзауэ Урысейм кьыщагъэсэбэпынущ зэрысымэджам щыхьэт техъуэ электрон тхылъхэр. Апхуэдэ щІыкІэкІэ дэфтэрым зыщагъэгъуэзэфынущ Социальнэ страхованэмкІэ фондым, медицинэ Іуэхущіапіэхэм, лэжьапІэ зытхэм. Тхылъым и пэжагъым щыхьэт техъуэнущ ар зыхъумэ электрон Іэщіэдзкэр.

ТхылъымпІэм тету яту щыта дэфтэрхэрэр ягъэкІуэдыжыну я мурадкъым - зэкІэ ІэужьыгъуитІри кьагъэсэбэпынущ. Ауэ сымаджэм электрон тхылъ хуащІын папщІэ ипэкІэ абы и арэзыныгъэ хилъхьапхъэщ.

УФ-м Лэжьыгъэмкіэ и министерствэр зэрыпэплъэмкІэ, апхуэдэу щыт пэтми, тхылъымпІэ дэфтэрхэр къэзымыгъэсэбэпыжыну цІыхухэм я фІыгъэкІэ къэрал бюджетым кьиныжущ сом мелуан 12-м нэблагъэ.

КьищынэмыщІауэ, 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ я мурадащ транспорт Іэмэпсымэм и паспортыр (ПТС) электрон щІыкІэм хуагъэкІуэну. Арщхьэкіэ ЕАЭС-м (Евразие экономикэ зэгухьэныгъэм) хэтхэм я лъэІукІэ мы гъэм екІуэкІа Евразие экономикэ комиссэм и коллегием щІэзэгурыІуащ ПТС-м и электрон лІэужьыгъуэм хуэкІуэнэр 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 1 пщІондэ ягъэІэпхъуэну. Ауэ Урысейм автомобиль къыщыщІэзыгъэкІэхэм езыхэр зэрыхуэхъэзырым теухуауэ пІалъэр бадзэуэгъуэм и 1-м кьагъэІэпхъуащ. ЦІыкІуэхэ кьызэрырашэкІ автобусыр, кьищынэмыщІауэ, кьызэгъэпэщауэ щытыпхъэщ тахографэ зэрыкІэлъыплъ системэ ГЛОНАСС-кІэ.

ОСАГО-м къритыжа компенсацэмкІэ мыарэзыр нэхъапэм судым кІуэн ипэкІэ страхованэ щащІ компанием зыхуигъэзэн хуейуэ щытащ. Иджы ОСАГО-м къыпэкІуам арэзы къимыщІакъэр занщІэу судым щытхъуэсыхэ хъунущ.

### Автомобилхэм я уасэм кІэрагъэху

Урысейхэм езыхэм я автомашинэ зрагъэгъуэтыным щІэгъэкъуэн хуэхъу программэ зыбжанэ УФ-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм кьыхилъхьащ.

«Япэ автомобиль» программэр кьагъэсэбэпу, автомашинэ кьащхьэм и уасэм процент 10 хуэІэрагъэхуфынущ япэ дыдэу апхуэдэр кьэзыщхьэкІэ. Апхуэдэу дыдэ уасэм хуэкІэрагъэхуфынущ «Унагъуэ автомобиль» программэм хэт, сабиит е нэхъыбэ зиІэ унагъуэхэм. Абыхэм яІэхахьэ хэу зи стажыр кьамыльытахэр улахуэ мащІэ дыдэ зиІэ, мединэ училищэр кьэзыухагъащІэхэм хуэдэу кьэнэжащ. Абы и зэранкІэ нэгъуэщІ Іэнатіэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ зрапщытащ, - жиІащ профессорым.

Школхэм я нэхъыбэм щылажьэ медикхэр узыншагъэр хъумэнымкІэ системэм хэту кьалъытэу щытащ. ИлъэсипщІ хуэдиз ипэкІэ ягъэхьэзыращ абыхэм я улахуэм зэрыхагъэхъуэнымкІэ унафэр, арщхьэкІэ дэфтэрэцр кьащтакъым.

- Школхэмрэ сабий садхэмрэ я медицинэ лэжьакІуэхэм я улахуэм кьыхуущІагъуркъым сабий поликлиникэхэм щыІэхэм хуэдэу. Абы и зэранкІэ ахэр школ медицинэм хокІыж, - жиІащ Рапопорт Ириндэ.

Іэщіагъэлім хуэд щІауэ жаІэ медицинэм и лэжьакІуэхэр школхэм къешэлІэжьын зэрыхуейр.

- Дохутырхэмрэ медсестрахэмрэ зззэмызэ фІэкІа школхэм кьызэремыкІуалІэр къемызэгъ щытыкІэщ. Хабзэм кьызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, махуэ кьэс медицинэм и лэжьакІуэм пщэфІапІэр кьиныщытэн хуейщ, арщхьэкІэ ар ягъэзащІэркъым. ИкІи ар зыми кьыфІэІуэхукъым, - жиІащ егъэджэныгъэ Іуэхутхьэбзэхэр кьэзыгъэсэбэпхэм я хуитныгъэр хъумэнымкІэ урысейпсо зэгухьэныгъэм и унафэщІ Панин Виктор. Апхуэдэуи абы кьыхигъэщащ, школхэмрэ сабий садхэмрэ щыкІуэхэм щІэх-щІэхыурэ фэбжь зэрыщагъэуэтыр икІи зэман кІыхькІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэм пэплъэн хуейр зэрыхъуэр.

**БЕРИШВИЛИ Наталие.**
*iz.ru*

*Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар* **ЖЫЛАСЭ Замирщ.**

● Лъэпкъ Іуэху

# «Адыгэ шыкІэпшынэм и Атласыр» дунейм къытохьэ

**ШыкІэпшынауэ Іэзэ ГъукІэ Замудин илъэс зыбжанэкІэ зэлэжьа «Адыгэ шыкІэпшынэм и Атласыр» тхылъыр дунейм къытехьащ. А Іуэхугъуэм теухуа зэхыхьэ Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым иджыблагъэ щекІуэкІащ. Абы кърихьэлІат щэнхабзэм, ГъуазджэмрэкІ лэжьакІуэхэр, Атласыр дунейм къытехьэным зи мылъку хэзылъхьахэр, тхылъыщІэм и хьыбар къызыІэрыхьауэ абы щыгуфІыкІахэр.**

ГъукІэ Замудин

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЗЭХУЭСЫМ кърихьэлІа Хъуажъ Фахьри и пэублэ псалъэм къызэхуэсахэр кІэщу щыгъуазэ щищІащ ГъукІэ Замудин и Іэщіагъэхэм, адыгэм и макъамэ Іэмэпсымэхэр къыдэхьажьыным хуэунэтІауэ, абы иригъэкІуэкІ лэжьыигъэм икІи гуапэу екъуэхъуащ адэкІи и мурадхэр къеХьулІэну,ефІэкІуэну.

Илъэс 30-м нэблагъэщ ГъукІэ Замудин шыкІэпшынэм елэжьын зэрыщІидзэрэ. А зэманым къриубыдэу абы а Іэмэпсымэм теухуауэ щыІэр щІиджыкІащ, иужькІэ езым ищІу щІидзащ. Апхуэдэу шыкІэпшынэм еуэным сабийхэр, щІалэгъуалэр хуигъаСэу хуэжащ, нобэми а лэжьыигъэм пэрытщ и гукъыдэжьым хэхъуэу. Иджы зи гугъу тщІы тхылъыр дунейм къытриГъэхьащ. Апхуэдэу къыззхуэсахэр къыщыпсалъэм къыхахгъэщащ ахэр тхылъым, къахуэмыгъэсэ жьхуаІэм хуэдэу, зэрыпэплъар, икІи и зэхэтыкІэкІэ, и гущІэгъэнагъкІэ, и фІагъкІэ ар псоми ягу зэрырихьыным шэч къызэрыпрахмыхьэр.

«Адыгэ шыкІэпшынэм и Атласыр» зэхэлъхьэным, тедзэным ехьэлІа Іуэхугъуэхэр зэрекІуэкІа щыкІэм щытепсэлъыхьым, ГъукІэ Замудин къыхигъэщащ абы щІыхуи 122-рэ пщІэ Іамыхьыу зэрелэжьар, мылъку текІуэдами, ар типографие хуэІуэхуэщІэ щхьэкІэ фІэкІа нэгъуэщІкІэ хуеин зэрымыхъуар. Ауэ жьІэпхъэщ тхылъыр къызэрыдэкІынум и хьыбарыр щІыхуэм я деж нэхъэсыным теухуауэ, ар зыІэрызыгъэхьэну жэрдэм зыщІахэм Іэ щІадзыным (подписка жьихуэтІэм) ехьэлІауэ Замудин лэжьыигъэшхуэ зэрыригъэкІуэкІар. Абы папщІэ щІышылэ мазэм щегъэжьауэ ГъатхэпэІэ пщІондэ зэІущІэхэр щекІуэкІащ Налшык, Черкесск, Мейкъуапэ къалэхэм, АР-м и районхэм зыбжанэм.

- Нобэ фи пащхьэ къислъхьа тхылъыр дунейм кІыхьэрытехьар нэхъыбэу зи фІыщІэр фэраш, абы Іэ щІэзыдзахэрщ, - захуигъэзащ ГъукІэ Замудин къызэхуэсахэм. Сэ слъэкІар тхылъыр зэхуэхьэсынырщ, нэхъыщхьэр, - ар тхылъ щІыныр щІедзэныр щІ. Абыкі щІэгъэкъуэн къысхуэхъуахэм ину фІыщІэ фхуэщІ.

Апхуэдэу авторым и гуапэу утыку къригъэблагъэщ икІи «Адыгэ шыкІэпшынэм и Атласыр» тыгъэ яхуищІащ тхылъым зи хъыбаррэ сурэтрэ куэду къыщыгъэлъэгъуа, шыкІэпшынауэ щІэрыІуэу Зеикъуэ къуажэм дэса Щоджэн Іэсхьэд и къуэрылъхуэху Сэфаррэ Хьэчимрэ, абыхэм я щІэбгуэ Мулид, Резуан, Бесльэн, Эдик сымэ. Я адэшхуэм и Іэщіагъэмкіэ лъэпкъ культурэм лъэужь мыкІуэдыжын къызэрыхинам игъэгушхуэ, абы и щІэ къызыщІраІуа тхылъ дунейм къызэрытехьам игъэгуфІа къэщІэхэм, Щоджэн Іэсхьэд и унагъуэм, Замудин хъуэхъу дахэкІэ зыхуагъэзащ, лъэпкъым кьыбгъэдэкІыу фІыщІэ ин къыхуащІащ. Къызэхуэсахэм псом хуэмыдэу гукъинэ ящыхъуащ шыкІэпшынауэ джэгуакІуэхэу Щоджэн Іэсхьэд, Къазий Мамышэ, Сыжажэ Къылышкъуэ сымэ ятеухуауэ абыхэм къаІуэтэжа хъыбар кІэщІэхэр.

ТхылъышІэр къыдэгъэкІыным нэхъыбэу зи мылъку хэзылъхьахэм я цІэхэр щхьэхуэу къриІуащ Замудин. Абыхэм ящыщщ Ерджыноко Іуэ (ХьэхъупащІэ) Ксение (КъБР), ГъукІэхэ Аслъэнрэ Ахьмэдрэ (КъБР) сымэ. Абыхэм тхылъ 90-м щигъу тыгъэ ухуащІащ АР-м и лъэпкъ музейм, КъБР-м и школ зыбжанэм, Михаил Глинкэ и цІэр зэрихьэу Москва дэт Къэрал музейм, Санкт-Петербург дэт музеищым, Абхазэым, Къазахстаным, Инджылызым, Франджым щыІэ лъэпкъ музейхэм, шыкІэпшынэм ирилажьэ Іэщіагъэлі щхьэхуэхэм.

Апхуэдэу, Замудин фІыщІэ щхьэхуэ яхуищІащ тхылъыщІэм теуху хъыбар цІыхухэм я Іэрыгъэхьэным, абы Іэ щІэдзыным теухуауэ хуабжьу щІэгъэкъуэн къыхуэхъуа Сэралъпхэ я Арт-Центрым, икІи тхылъ зыбжанэ тыгъэ яхуищІащ.

Къызэхуэсахэм я пащхьэ адыгэ шыкІэпшынэм и макъ Іэзэу щагъэІуащ Налшык щыщ шыкІэпшынауэ гупым.

«Адыгэ шыкІэпшынэм и Атласыр» зэхІэ къызыІэрымыхьахэм папщІэ тхылъым и зэхэтыкІэм нэхъ убгъуауэ сытепсэлъыхьыщ, адыгэхэм я мызакъуэу, Урысейм щыпсэу нэгъэщІ лъэпкъхэми я Іэмэпсымэхэм я хъыбар зэхуэхьэсауэ ящІ ягъэ мызакъуэу, Урысейм щыпсэу нэгъэщІ лъэпкъыгъуэу адыгэхэм зэрахьар, абыхэм я щытыкІэ и лъэныкъуэкІэ, я гъэІуІкІэ теухуауэ щІэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щахъумахэм зэредджэхэр. Хъыбару, щІэныгъэу тхылъым къызэщІиубыдэмкІэ ар зэбгъэпщэн гъэотыгъуейщ. Адыгэ щэнхабзэм дихьэх псоми тхылъым гу зэрылъэтэнчу, къаззрыщхьэпэнчм шэч хэлъхъуэм. Абы и мызакъуэу тхылъыр зэрыгъэщІэрэщІ, зэрызэгъэкІуам нэхъри фэ къытрегъауэ, утемыукІытыхьу дунейм и музей нэхъ щІэрыІуэхэми щыщІыпхъэмэну Іэмал къуэту. БзищкІэ зэрытхам и фІыгъэкІэ адыгэхэм я мызакъуэу Урысей псоми, нэгъуэщІ къэралыгъуэхэм щыпсэухэми тхылъыр яфІэгъэщІэгъуэныгъщ.

**ЩОДЖЭН Іэминат.**

**Къэбэрдей сабий литературэм зегъэужьыным зи гуащІэ хэзылъхьа усакІуэ гъуэзджэ Хьэцікіу Хьэсэн псэужатхэмэ, и ныбжьыр илъэс 80 ирикъунут.**

# Нобэми тщыгъупщэркъым

● Фэеплъ

«БЭУХЭР мэбзэрабзэ» (1985), «Псыхъуэ гуащэ» (1990), «Машэ и сурэт» (1997), «Гъэзгу дамыгъэхэр мэпсалъэ» Хьэцікіум и сабий тхылъхэр ныбжьыщІэ цІыкІухэм нобэми я ныбжьэгъу пэжщ.

Анэдэлъхубзэм, адыгэ хабзэм, цІыху зэхуэщытыкІэ екІум, хьэл-щэныфІагъым хуеущий абы и щІэджыкІакІуэ ныбжьыщІэхэр. Усыгъэм и къалэнри зыщигъэгъупщэркъым, ауэ щыхъукІи, нэхъыбэу усакІуэм къиІэт темэр езы цІыкІуэр дзэхьэх, абыхэм яфІэфІ Іэхуэхэрщ. Хьэцікіур и тхылъеджэм «бгъурыгу» гъащІэм и щэхуэхэм хуеущий, я гупсысэр еуэзщІ. Бзэ тынш, шэрыуэ, Іофі зиІэ сабий усакІуэм и Іэдакъэщэкіхэр нобэми щІэблэм яфІэфІу щІыэрагъащІэм аращ и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр.

«Усыгъэм и нэхъ гугъупІэ дыдэхэм ящыщу къыщІэкІынущ узыхэтхэхэм икІи уакъыгурыІуэу, икІи я гур, я псэр къыдэпхьэхыфу ущытыныр. Апхуэдэ усакІуэ нэс зытІущ нэхъ мыхъуми зиІэ литературэм и насып къикІауэ аращи, егъэлеиныгъэ лъэпкъ хэмылъ си гугъэу зиІэ: Хьэцікіу Хьэсэн ящыщщ а зытІущым, абы и усэбзэр псынэпсым хуэдэщ. «Дыщэр мащІэми, зэрыдыщэу къонэж», - Хьэцікіум ди литературэм къыхина тхылъ цІыкІуиплІым дыщэ кІанэ куэд къызэрибгъуэтэнум шэч хэлъкъым», - псалъэ пэжкэр хуитхауэ щытащ абы ІутІыж Борис 2007 гъэм.

Хьэцікіу Хьэсэн Мухьэмэд и къуэр 1937 гъэм накъыгъэм и 10-м Адыгэ къуажэм къыщалъхуащ. Школым щыщІэса лъэхъэнэм ар литературэмрэ сурэт щІынымрэ нэхъ дахьэхуу щытащ. 1956 - 1959 гъэхэм Совет Армэм къулыкъу щищІащ, къэрал гъунапкъэхэр зыхъумэхэм яхэту. Абы иужькІэ Налшык къалэ зы илъэскІэ связым щыхуеджэри, лэжьэн щІидзащ. Абы къыдэкІуэу скульптурэ щащІ лъэщапІэхэм зыщигъэсащ, тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ нэІуасэ захуищІащ. Музыкэ театрыр къызэІуаха иужькІэ бутафор нэхъыжьу ирагъэблагъащ. Зэрылажьэм хуэдэурэ, сурэтыщІхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэм и лэжьыгъэхэр къыщыхихьу хуэжьащ. Хьэсэн а Іэщіагъэм зэрыхуэнэхъуеинщэр къалъытэри, и зэфІэкІым хигъэхъуну Москва ягъэкІуащ. Абы сурэтыщІ Іэзэхэм я нэІэ щІэту щрагъэджащ, сурэтыщІ гъуазджэхэмкІэ студие къызэІуихыну хуитныгъэ зэриІэм и щыхьэт тхылъ иІыгъуу Налшык къигъэзэжащ.

Къэралым щекІуэкІа гъэлъэгъуэныгъэ-зэпеуэхэм я лауреат мыхьэмытІэу хъуащ, дипломхэр къыхуагъэфэщащ Хьэсэн. Абы и ІэдакъэщІэкІхэм ящыщ куэд Налшык, Суздаль къалэхэм я музейхэм, цІыху щхьэхуэхэм я коллекцэхэм щахъумэ.

Хьэцікіур усэ тхыным пасэу, иджыри ехэнэ классым щІэсу, дихьэхащ. Ауэ гуваузщ ахэр утыку къыщІрихьар. Ар нэхъыбэу сабийхэращ зыхуэтхэр. Абы и усэхэр щІэх-щІэхыурэ радиокІэ, телевиденэкІэ къат, «Нур» журналым къытрадзэ.

Къэбэрдей сабий литературэм хуищІа хэлъхьэныгъэр къалъытэри, 1997 гъэм ХьэцікіыкІу Хьэсэн УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьащ.

Дунейм ехьжа тхакІуэхэм блэкІа зэманым иту уатепсэлъыхьыныр сфІэщыуагъэщ: абыхэм я Іэдакъэщэкіхэм щІэупщІэ яІэмэ, езыхэри псэу пэлъытэщ. Апхуэдэущ сабий усакІуэ Іэзэ ХьэцікІыкІу Хьэсэн.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

### Хьэндырабгъуэ

**СІэщІолъэтри**
**Хьэндырабгъуэр,**
**Сымыгъуэту**
**СыпІыхъуам,**
**ЩІиупскІыкІыу**
**И дамэбгъуэр**
**Зыхегъапщкіуэ**
**Удз гъэгъам.**
**Удз тенджызхэр**
**Зи джэгупІэу,**
**Хьэуам екІуу**
**КІэрыщІа,**
**Удз гъэгъахэр**
**ЗыгъэпщкіупІэу**
**ФызэриІэр**
**СымыщІа.**

### Мамэ и сурэт

**СурэтыщІу**
**Зызогъасэ,**
**Нобэ сщІам**
**ИмыІэ уасэ.**

### Хуейф фыкъакІуэ, Фезгъэпльынщ, Фызэреплъуи КъэфцІыхунщ.

**Щхьэщ кІыхьышхуэу,**
**Езыр уардэу,**
**Дахэ дыдэу,**
**ТхьэІуху.**
**Ар зыпэщІ хъун**
**Щым темыт,**
**Ар си мамэ**
**И сурэтщ.**

### Пщащэ шыр

**КІунэ цІыкІуу**
**Псэм и хъуахуэ,**
**Пащащэ шыру**
**Нэ хъурей,**
**Къэхъуи Іущу,**
**Еджагъэшхуэу,**
**Уэ гъэгуфІэ**
**Пльэпкъ узэйр.**
**Гьатхэ пасэм**
**Дэуш щІыльэм,**
**Техьи уи льэр**
**Щыэзлэх,**
**Адыгэбзэм**
**Гьунэ иплъэу**
**Зэ къэпсальи**
**Зэхэдгъэх.**

### Унэишэм дыщотхъэж

**КъыщІаш унэм**
**Ди нысащІэр,**
**Уардэу щыгъыу**
**Ди лъэпкъ фащэр,**
**Мауэ фочыр,**
**ШейтІангъащтэу,**
**Дэ гуфІэгъуэм**
**ДызэщІещтэ.**
**Бгы гуэушхуэу**
**Уэредадэм**
**КъещІри уафэр**
**Джэрпэджэж,**
**Ди гуфІэгъуэр**
**КъыддиІэту**
**Ежьу макъкІэ**
**Къытподжэж.**
**Ирахьэжьэ**
**Іурыщіэлъыр,**
**Лъэщыхьэфыр**
**Яфіобзей,**
**Къигъэнауэ**
**Къупщхьэ щылъыр**
**КІэлъыщІопхъуэ**
**Хьэжь нэпсейр.**
**Іурыщіэлъыр**
**Зыбзеяхэм**
**Къепхъыхщыпэ**
**Къагъэзэж,**
**ДыгучІэжу**
**Зэныбжьэгъуэхэр**
**Унэишэм**
**Дыщотхъэж.**

### Бзэгузехьэ

**Мэхъу цІэрыІуэ**
**Бзэгу зезыхьэр,**
**Мыхъу зитхьэщІкІи**
**Напэ хужь,**
**Къыжьдэлэну,**
**Хьэжьхэм ещхьу,**
**ЖиІэр пщІыуэ**
**Бзэгу кІыхьыжь.**

● Щэнхабзэ

# ТхакІуэр ягъэлъапІэ

**Тхылъ еджэным дихьэхуэм я «Александрия» клубым щагъэлъэпІащ усакІуэ, прозаик Куэшбей Жамболэт и ныбжьыр илъэс 55-рэ зэрырикъур.**

**Куэшбей Жамболэт Адыгейм и къалащхьэ Мейкъуапэ 1962 гъэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым бзэ щІэныгъэхэмкІэ и къудамэр къиухащ. Ар «Іуащхьэмахуэ» тхылъ тедзапІэм редактору щолажьэ.**

КЛУБЫМ и унафэщІ, бзэ щІэныгъэхэм я доктор, Смирновэ Наталье зэІущІам кърихьэлІахэр щыгъэгъуэзащ Куэшбейм и Іэдакъэщэкіхэмрэ абы ди лъэпкъ литературэм щиубыда увыпІэмрэ. Куэшбейр зрысыбзэкІ тхэщхьэкІэ, адыгэ гупсысэкІэр, Іуэху зэгъэзэхуэкІэр Іэщ!ыб ищІауэ пхужьІэнуклым. Жамболэт и дэтхэнэ зы усэ едзыгъуэми щІэлъ гупсысэр куущ, ар псэ къулей зиІэ щІыхум къызэрригъэщІар хьэкъыу.

Усакіуэм езым и зэман иІэжщ. КъыщІэдзапІэри ухьпІэри Іущагъ хэлъу зэхуэзэхьыхьыф щІыхум и къалэмым удехьэх, гъащІэм и щэхуэхм ухуеущий.

Налшык дэт курыт школ №09-м щеджэ Бахьуэ Алинэ дахащэу, пшыхьым ирагъэблагъахэм ягу нэсу къеджащ Куэшбейм и усэхэм. ЩІэджыкІакІуэ ныбжьыщІэр езыр усыгъэм пэжыжьэкъым. Ар щытекІуащ Мэлбахьуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Пльэпкъ библиотекэм усэ къеджэныжмкІэ щекІуэкІа зэпеуэм.

«Тыуэздэжкъэ зи ныбжьыр илъэс 14 фІэкІа мыхуэ щІалэгъуалэр уи тхыгъэхэм дихьэхыу абы макъкІэ къеджэныр, уи дунейм пэгъунэгъу хьуныр», - жиІащ Смирновэм.

ЗэІущІам хэтхэр тепсэлъыхьащ икІи я Іуэху еплъыкІэ къаІуэтащ Куэшбейм и «Логос без имени», «Иное небо», «Прозрачные тени» тхылъхэм ятеухуауэ. Жамболэт щІэджыкІакІуэхэм кърата упщІэхэм жэуап гъэхуа яритыжащ.

Зэманым къигъащІ, дэтхэнэ зы Іуэхури гурэ псэкІэ зыхэзыщІэ икІи абыкІэ цІыхубэм ядэгуэшэф Куэшбейм Налшык къалэ администрацэм къыхуигъэфэща фІыщІэ тхылъыр абы къритыжащ Щэнхабзэмкіэ къалэ управленэм и унафэщІ Токъуий Мадинэ.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэз.**

● ФэдзкъуэкІ

# Адыгэхэм я псэукІэм теухуа теплъэгъуэхэр футбол зэкъуэгъэхэмкІэ репортажхэм хагъэхьащ

**Конфедерацэхэм я кубокыр къэхьыным теухуауэ ди къэралым иджыблагъэ щекІуэкІа зэхьэзэхуэм Бразилием щыщу къэкІуа журналистхэм щагъэхьэзыра репортажхэм ящыщ зыр зэрыщІыту теухуауэ щытащ Сочэ щІыналъэм ижь-ижьыж ІыандэрэІ щыпсэуа адыгэ лъэпкъым.**

БРАЗИЛИЕМ и мызакъуэу, дуней псом щынэхъ ин дыдэхэм ящыщ телеканалым и лІыкІуэхэр абы щыгъуэ щыІащ Лазаревскэм дэт этнографие музеймрэ жылагъуэ парламентым и Іуэхущ!апІэмрэ. Апхуэдэу абыхэм къагъэсэбэпащ «Шапсыгъ» газетым тета тхыгъэхэр. Репортажым хиубыдащ щэнхабзэмкІэ Лазаревскэ районым и унэм и адыгэ къэфакІуэ гупым ягъэлъэгъуа номерыр.

Дакъикъиплікіэ эфирым щагъэлъэгъуа репортажым Бразилием и цІыхухэм гулъытэщхэу хуащІащ. А репортажым интернетымкІэ уеплъыфынущ.

**НЫБЭ Анзор.**

Бысымхэмрэ Бразилием къикІа журналистхэмрэ.

*Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур бадзэуэгъуэм и 8-рщ.*

**Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым иджыблагъэ хыхьэжа Курск и «Авангард»-м и фІэщыпэу зегъэлъэщ. АбыкІэ нэхъыбэу тегъэщІапІэ ищІыр «Спартак-Налшыкым» щыджэгуагъэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуахэмрэщ.**

# Ди щІалэхэр Курск мэІэпхъуэ

● Футбол

МЫ махуэхэм «Авангард»-м зэгурыІуэныгъэ зрищІылІа футболист 19-м ящыщу 7-р Къэбэрдей-Балъкъэрым пыщІащ: хэти мыбы къыщалъхуащ, хэти щыджэгуащ. Къапщтэмэ, гъуащхьэхъумэхэу Дашаев Аслъэн, Багаев Михаил, гъуащхьэхъумэныкъуэ Войнов Денис сымэ хамэ щІыпІэ кьикІами, «Спартак-Налшыкым» илъэс зыжанэкІэ хъарзынэу зыкъыщащІэрыІуащ. Ди лъахэгъуэу Щоджэн Марат «Оренбург»-м и гъуэгу премьер-лигэм иджыблагъэ щыджэгуагъ, Болэ Руслан «Краснодар»-м Воронеж и «Факел»-м бэджэнду иригъэІыгъащ, Гъурф Азэмат «Спартак-Налшыкым» и футболист нэхъыфІхэм ящыщ щытащ. Премьер-лигэми япэ дивизионми илъэс зыбжанэ хъуауэ командэ зэмылІэужьыгъуэхэм яхэту зыкъыщыщІэгъэльагъуэ Аппаев Хьызыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуа икІи топджэгум зыщригъэса пэтми, налшыкдэсхэм яхэту утыку къихьэну зэи Іэмал игъуэтакъым.

Зи цІэ къитІуа псомиджы Курск и щІыхьэр япэ дивизионым щахъумэнуц. Апхуэдэ дыдэу ящІынущ Владивосток, Тюмень, Ярославль, нэгъуэщІ къалэхэми къыщыщІидза ди щІалэхэм. Дэ, дауи, абыхэм я джэгуклэм дрипІейтейуэ дыкІэлъыплъынущ, ауэ гущІыхьэщ я зэфІэкІыр Къэбэрдей-Балъкъэрым къэхъугъэсэбэпыну Іэмал зэрамыІэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр:**

**ЖьэкІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**

**Езыгъэтхэхэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленициным и уэрам, 5**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ!апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм ящыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалъэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтеуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъэзэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ!апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту яТхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленициным и уэрам, 33

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэм: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **НэщІэпыджэ Замирэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.), Компьютер-кІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Доп Маринэ, Ныр Сандэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.455 ● Заказ №852